République du Sénégal

Ministère de l'Education nationale

# Njàng Téere kër

Wolof

CE1



LECTURE POUR TOUS

Vente interdite

République du Sénégal

Ministère de l'Education nationale

# Njàng

CE1

## Téere kër

## Wolof

Édition 2019
Réimpression 2020

USAID
DU PEUPLE AMERICAIN

Avis de droit d'auteur : ©2016-2021 projet Sénégal Lecture Pour Tous pour l'Agence des États-Unis pour le développement international (USAID), contrat USAID n° AID-OAA-I-14-00055/AID-685-TO-16-00003, géré par Chemonics International. Tous droits réservés. Cette aide provient du peuple américain et est financée conjointement par l'USAID et le gouvernement du Sénégal.

Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO licence (CC BY 4.0 IGO) http://creativecommons.org/licenses/by/4.0/igo. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce travail y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées de la licence CC BY.

# AVANT-PROPOS

Le présent *Livret de maison*, destiné principalement à l'élève du Cours Élémentaire 1ère année (CE1), est conçu dans le cadre du programme Lecture Pour Tous du Ministère de l'Education nationale (MEN) du Sénégal avec l'accompagnement de l'Agence des États-Unis pour le Développement International (USAID). Il trouve sa justification dans les résultats intermédiaires du Programme d'Amélioration de la Qualité, de l'Equité et de la Transparence (PAQUET), attendus en matière d'amélioration des performances scolaires dans les disciplines fondamentales telles que la lecture.

Élaboré en langue nationale et dans une perspective d'un soutien pédagogique, ce *Livret de maison* accompagne la mise en œuvre des enseignements/ apprentissages en lecture initiale.

De par la déclinaison, la formulation et la structuration de ses contenus, le *Livret de maison* constitue un outil pédagogique qui permet, après les apprentissages en classe, d'accompagner l'élève pour un travail de remédiation et de renforcement à domicile.

Dans le *Livret de maison*, on retrouve :

- des exercices pour renforcer le vocabulaire ;
- des leçons pour renforcer la lecture fluide et la compréhension avec des textes développés sur la base des thèmes du CEB ;
- des activités de production d'écrits.

En résumé, le *Livret de maison* constitue un outil d'accompagnement et de soutien scolaire durant tout le processus d'apprentissage de la lecture au CE1 avec un ancrage communautaire.

# Li téere bi ëmb

Buur bu mënul a jàng ....6
Mbooloo mooy doole....9
Toolu Yaa Nafi....12
Feetu endepandaas....15
Jàng ngir tekki ëllëg....18
Ngoonug napp....21
Ndam lu rëy....24
Sancabaa ngay tàkk....27
Jànge ci ekool bu set....30
Doktoor bu mag....33
Lan mooy mikorob ?....36
Ñakk ca pénc ma....39
Njëmbëtum garab....42
Nanu fonk li ñépp bokk ....45
Xaritoo....48
Portale bi....51
Bésu tàggat yaram....54
Seexale ay ekool....57
Li war elew ci ekool....60
Raxas loxo yi ba ñu set....63
Sañ-sañi ku bokk ci réew....66
Dund ci jàmm....69
Toppatoo ñi wéradi....72
Xibaar yi....75
Naka ngeen di aaroo ci enternet....78



Njàng 1

# Buur bu mënul a jàng

Gayndee nekkoon buur ca Ndumbelaan. Muy buur bu ñépp ragal. Am bés, kilifa ya daje ne ku mënul a jàng dañu koy génne dëkk ba. Gaynde ne du baale lenn njuumte, lu mu ndaw ndaw. Rabi àll yi di jaar, di jàng jukki yi ni mu ware.

Tey jii Bukki moo aye. Gaynde woo ko, tàllal ko telefon portaabalam ne ko na jàng li ñu bind. Bukki tiit ndax dafa daan daw jàng. Mënul a jàng benn baat. Muy lox, wax Gaynde mu baal ko. Gaynde **lànk**, dàq ko mu génn Ndumbelaan. Bukki rus, dëngal loos wi, xalaat ne dina fayyu ci nii walla ci nale. Guddi jot, Bukki seeti Lëg jox ko pañe bu fees dell ak karoot ak salaat. Lëg xelal ko mu wax Gaynde mu jëkk a jàng beneen yoon. Xam na ni Gaynde mënul a jàng.

At mi jeex, Gaynde wootewaat jotaay. Bukki ñëw, sàngoo deru béy, nekk ci biir mbooloo mi. Naka la Gaynde tàllale Njamala telefon portaabalam rekk, Bukki ne layy ne : « Balaa kenn di jàng na Gaynde jëkke. » Ñépp nangu li Bukki wax. Gaynde jaaxle, di **ŋar**. Rab yépp wër ko, naan ko : « Jàngal waay ! » Ndekete mënul benn baat. Ci noonu lañu ko follee, nekkatul buur. Rab yi ne léegi dinanu tabax ekool ñépp di jàngi. Su boobaa rabu àll yépp dinanu mën a jàng.

## Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng baat yi ci kërale gi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| moytu | coono | bëgg | golo | jàngal |
| penaatii | futbal | siiw | bal | dëkk |
| déglu | kër | amul | tali | cet |
| suuf | neexal | woccu | laata | dimbali |
| yoon | bés | feebar | loxo | wax |

2. Ma jàng ci kaw jukki bi ñaari yoon ci njàng mu jub te gaaw.

3. Su ma juumee, damay xaar ñu jubbanti ma, ma jàngaat ko.

## Tekkim baat tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

**lànk :** mooy saa su nit ki bañee def lu ñu ko sant walla lu ñu ko ñaan ;

**ŋar :** mooy saa su mala mu mel ni gaynde yuuxoo.

## Jëfandikoo baat bi ci kàddu

Ma sotti kàddu yi ci sama kaye, te mottali gu ci nekk ak baat bi war.

**Tàggat :**

1. Gaynde guy ______________ neexul a ñeme.
2. Gone du def lu ko mag sant mu ____________.
3. Rab wi ____________ na wone ay sellam.
4. Sama yaay suma yónnee duma __________.

- ŋar
- lànk
- fomp

## Lu yenu maana / lu yenuwul maana

Ma jàng kàddu yi te sotti yi yenu maana ci sama kaye.

1. Gayndee ngi nelaw di ŋar.
2. Dafa ma yónni ma lànk, jóg demal ko.
3. Ginaar du ŋar waaye dafay sab.
4. Gone gu muus bu ñu ko santee lu baaxul dafay lànk.
5. Ku nar a lànk dangay nangoo dox yónnent.
6. Bukki ñemewul ŋaru gaynde.

## Dégginu kàddu

Ci laaj bu nekk, ma tànn tontu li jub, bind ko ci sama kaye.

1. Lan la kilifay Ndumbelaan jëkk a dogal ci dëkk bi ?
a) tabax ekool bu bees. b) génne Bukki dëkk bi. c) ku mënul a jàng ñu génne ko dëkk bi.

2. Lan la Gaynde tàllal Bukki ngir mu jàng ?
a) ab téere b) ab kaye c) ab telefon portaabal

3. Lan moo tax Bukki tiit ?
a) Dafa ragal Gaynde. b) Dafa mënul a jàng. c) Mënul jëfandikoo telefon bi.

## Dégginu jukki — wax li ma gis ci sama xel

Ma jàng jukki bi te tontu laaj yi ci sama kaye.

Laaj 1 : Ñan ñoo nekk ci jukki bi ?

Laaj 2 : Ndax Bukki mën na jàng ?

Laaj 3: Lan la Lëg xelal Bukki ?

Laaj 4 : Lan moo mujj a dal Gaynde ?

Su ma noppee, ma gëmm, xalaat, te wax ki may jàppale ku mën a jàng nu muy mel.

## Defar jukki

Ma bind ci sama kaye jukkib ñeenti kàddu yu jub te jëfandikoo tomb yi war. Ci kàddu yooyu, ma nettali li Gaynde war a def gannaaw ba ñu ko follee ndax ñàkk a mën a jàng.



Njàng 2

## Mbooloo mooy doole

Rabu àll yi dañoo daje ne dañuy jàng ay xeeti liggeey. Pittax moo leen jëkk a jàngal ni ñuy ràbbe ak ñax. Mu dajale ñax mi, won leen ñu defar tàgg mu rafet. Ginnaaw gi, Jargoñ ñëw ne leen : « Dama leen di jàngal naka laay ràbbe lënd. » Mu ràbb lënd gu rafet, ci liggeey bu jaar yoon. Rab yi mokkal nañu naka lañuy ràbbe. Mën nañu defar uppukaay yu rafet ci wëñu njaxas ak bantu bale. Yeneen **bàyyima** yi jàngal nañu leen itam yeneen xeeti liggeey.

Mu des Ñey. Mu ne dina leen jàngal ni ñuy jàppe dara ci xel, bañati ko fàtte. Waaye mu ne balaa mu koy def, dañuy jëkk a joŋante. Dañuy peesewu, seet ku gën a diis. Rab yi jaaxle ndax xam nañu ne Ñey dafa rëy te diis. Ci lañu teg peesekaay bi. Ngir jël ndam li, Mbonaat, Gaynde, Suññeel, Bukki, Kéwel, Jargoñ, Lëg ak Naat toog ci genn wet gi, Ñey yéeg ca geneen ga, gën leen a diis. Rab yi woote ndimbal. Njamala, Golo, Pittax, Jaan, Jasig ak Segg yéeg ci seen wet. Noonu rekk wet gi rab yi toog ne rës jëm suuf, Ñey ne noŋŋ ca kaw. Mu xam ne daanu na. Yeneen rab yi yuuxu, kontaan. Ci la ku nekk xame ne **mbooloo** mooy doole.

## Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng baat yi ci kërale gi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| pañe | njuumte | jukki | lox | ragal |
| xelal | jaar | seeti | jàng | melokaan |
| jëkk | dëngal | tàllal | karoot | mag |
| yar | ñëw | gox | dénk | tilimal |
| mbooloo | waxtu | dëkkal | neex | toppatoo |

2. Ma jàng ci kaw jukki bi ñaari yoon ci njàng mu jub te gaaw.

3. Su ma juumee, damay xaar ñu jubbanti ma, ma jàngaat ko.

## Tekkim baat tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

**mbooloo :** mooy ay nit ñu baree yu dajaloo ci benn béreb ;

**bàyyima :** mooy wépp rab wuy dund ci àll walla ci kër.

## Jëfandikoo baat bi ci kàddu

Ma jàng kàddu yi, sotti leen ci sama kaye te mottali leen ak baat yi war.

**Tàggat :**

1. Seen ____________ mi tas na.

- mbooloo
- toogaay
- ndombo

2. _________ kenn du ko teg lu metti.

- liggeey
- àddina
- bàyyima

## Lu yenu maana / lu yenuwul maana

Ma jàng kàddu yi te sotti yi yenu maana ci sama kaye.

1. Mbooloo mi dafa di benn moo tax mu am doole.
2. Xale bi ci bàyyima yi la bokk.
3. Seen mbooloo mi moo néewal seen doole.
4. Àllu Ñokolo Kobaa bi bari na ay bàyyima.
5. Mbooloom elew yi am na njariñ lool.
6. Bàyyima yi bind nañu ab téere.

## Dégginu kàddu

Ma sotti kàddu yi ci sama kaye, te teqale baat yi ba njàng mi yomb.

1. Jargoñjàngalnarabyiniñuyràbbe.
2. Ñeydafabëggajoŋante.
3. Uppukaaybiñuràbbtaaruna.
4. Rabyiamnañundamndaxseenmbooloo.

## Dégginu jukki wax li ma gis ci sama xel

Ma jàng jukki bi te tontu laaj yi ci sama kaye.

Laaj 1 : Yan mala ñoo nekk ci jukki bi ?

Laaj 2 : Lan la Pittax jàngal rab yi ?

Laaj 3 : Lan la Ñey jàngal rab yi ?

Laaj 4 : Ban sàrt la Ñey teg laata mu leen di jàngal ?

Su ma noppee, ma gëmm, xalaat, te wax ki may jàppale nan la Pittax di jàngalee ràbb tàgg.

## Defar jukki

Ma bind ci sama kaye jukkib ñeenti kàddu te jëfandikoo tomb yi war. Ci kàddu yooyu, ma wone ci fan la Ñey war a jaar ba jàngal rab yi.



Njàng 3

# Toolu Yaa Nafi

Yaa Nafi mooy sama magu yaay. Dafa am toolu dugub ca Saaña, nekk ci fukki kilomet ci wetu Sikilo. Ñaari ayu-bés laata muy tàmbali mbey mi, mu feebar. Maas, miy taawam, moo mujj yenu liggeey bi. Toolu dugub bi nag dafa yaatu. Bu nu ko jàppalewul, ñax mu bon mi dina ca sax. Te kon Yaay Nafi du góob lu bari.

Genn suba, sama pàppa woo nu, sama ràkk, sama ñaari doomi nijaay ak man. Mu ne nu nanu dem jàppaleji Maas ca tool ba, ndax Yaa Nafi dafa feebar. Noonu lanu jële sunuy **illeer**, jublu ci liggeey bi. Nu nekk ci mbey mi, diiru ñaari ayu-bés. Bi liggeey bi di waaj a jeex la Yaa Nafi tàmbalee tane.

Benn bés ñu am mbetteel mu neex. Dañu xéy rekk, Yaa Nafi fekksi nu ci kër gi. Mu ne nu : « Ay samay doom, tane naa. Gis naa liggeey bu baax bi ngeen ma defal. Wone ngeen seen njàmbaar ci mbey mi. Bu dul woon yeen ñii, ren sama nawet du neex. Gërëm naa leen. »

Noonu, nu ne ko : « Yaw sunu yaay nga. Dimbali la ak toppatoo la moo nu war, te danu ciy gaaw ak xol bu sedd guyy. Ay mbokk dañuy jàppalante. Loolu moo nuy **jig**. »

## Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng baat yi ci kërale gi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| liggeey | peesekaay | diis | njuumte | ràbb |
| lox | ndekete | joŋante | jëkk | suññeel |
| uppukaay | rës | xelal | tàgg | jaar |
| folli | beneen | kilifa | lëg | jaaxle |
| ndam | ŋar | wet | bukki | guddi |

2. Ma jàng ci kaw jukki bi ñaari yoon ci njàng mu jub te gaaw.

3. Su ma juumee, damay xaar ñu jubbanti ma, ma jàngaat ko.

## Tekkim baat tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

**illeer :** mooy ab jumtukaay bu am bant bu gudd te ñu koy beye ;

**jig :** mooy saa su am mbir gënee ci nit.

## Jëfandikoo baat bi ci kàddu

Ma jàng kàddu yi, sotti leen ci sama kaye te mottali leen ak baat yi war.

**Tàggat :**

1. Nit ñi, booloo doon benn rekk a leen ______________.
2. _____________ bu baax dafay am bant bu dëgër.
3. Gone daal, farlu ci njàng moo ko _____________.
4. Bi nawet bi jubsee la sama pàppa jënd __________ bu bees.

- illeer
- tool
- jig
- dig

## Lu yenu maana / lu yenuwul maana

Ma jàng kàddu yi te sotti yi yenu maana ci sama kaye.

1. Dugal na illeer bi ci saagam dem tool.
2. Sama ñaani waajur jig nañu ma.
3. Ràbbkat bi defaral na ko illeer bu rafet.
4. Bey na tool bi yépp ak illeer bu bees bi mu jënd.
5. Li ko jig, bi mu ko defee la tàmbalee am ay jafe-jafe.
6. Jàng bu baax moo ma jig, ndax dama bëgg a tekki.

## Dégginu kàddu

Ma sotti kërale gi ci sama kaye. Su ma noppee, ma jàngaat jukki bi, mottali kërale gi ko ak ay baat yu bawoo ci jukki bi.

| liggeey | mbey |
|---|---|
| turu dëkk | |
| gàncax | |
| turu nit | |
| jumtukaay | |

## Dégginu jukki — wax li ma gis ci sama xel

Ma jàng jukki bi te tontu laaj yi ci sama kaye.

Laaj 1 : Ñan ñoo nekk ci jukki bi ?

Laaj 2 : Ndax Bukki mën na jàng ?

Laaj 3: Lan la Lëg xelal Bukki ?

Laaj 4 : Lan moo mujj a dal Gaynde ?

Su ma noppee, ma gëmm, xalaat, wax li ma gis su xale yi nekkee di liggeey ak seen i jumtukaay.

## Defar jukki

Ma bind ci sama kaye jukkib juroom-benni kàddu yu jub te jëfandikoo tomb yi war. Ci kàddu yooyu, ma nettali lu Yaa Nafi di defi gannaaw ba mu tanee.



Njàng 4

# Feetu endepàndaas

At mu ne, Senegaal dafay màggal bés bi mu moomee boppam. Ñeenti fan ci weeri awril lay am. Defile bu mag bi Ndakaaru lay ame, ca Kolobaan. Bés boobu, arme bi, ndaw ñi ak askan wi yépp dinañu fa maaj.

Ren, bi juroom-ñetti waxtu jotee la Góornoor bi, kilifay soldaar yi, ministar yi, depite yi ak gan ñi tàmbalee agsi. Alkaati yaa ngiy **wattu** seetaankat yi. Kenn bëggul ñu nettali ko xew-xew bi.

Ci fukki waxtu, Peresidaŋ agsi, tappal njiitu arme bi ab medaay. Defile bi tàmbale. Ñu bari jàll, defile bi neex lool, lépp rafet. Jekki-jekki rekk, nu dégg coow lu réy. Defile bi **dakk**. Seetaankat yi jaxasoo. Ña ca tirbin ba ñépp jóg taxaw. Ñiy wattu Peresidaŋ bi wër ko. Lu xew ?

Ñu séen jenn waay ju sol yére bu niroo ak raaya réew mi fàqe ca mbooloo ma. Mu ngi waaxu waaxu yu réy jëmsi ci Peresidaŋ. Alkaati yi kar ko. Waa jaa ngay yuuxu naan : « Peresidaŋ ! Peresidaŋ ! »

Ci noonu, Peresidaŋ yékkati loxoom ni nañu ko bàyyi mu ñëw. Bi mu agsee, Peresidaŋ wàcc, nuyu ko, wax ak moom. Waa ji kontaan. Alkaati yi xamal ko ne lii kenn du ko def, daldi koy gunge mu génn. Xelu nit ñi dalaat. Defile bi wéy. Yëf yi xumb lool. Bi ñu seetaanaatee ci lu tolloo ak benn waxtu, yëf yi tas. Ku nekk ñibbi këram ak mbégte.

## Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng baat yi ci kërale gi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| jàppalante | xale | ndimbal | agsi | gërëm |
| yéeg | jig | mbooloo | defal | peesewu |
| ñaari | mbonaat | suba | liggeey | jeex |
| woote | njaxas | bant | illeer | bàyyima |
| taaw | beyal | ayu-bés | saaw | waaj |

2. Ma jàng ci kaw jukki bi ñaari yoon ci njàng mu jub te gaaw.

3. Su ma juumee, damay xaar ñu jubbanti ma, ma jàngaat ko.

## Tekkim baat — tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

**wattu :** mooy saa su kenn taxawee temm ngir aar keneen walla leneen ;

**dakk :** mooy saa su am mbir taxawee.

## Jëfandikoo baat bi ci kàddu

Ma jàng kàddu yi, sotti leen ci sama kaye te mottali leen ak baat yi war.

**Tàggat :**

1. War na nit ku nekk mu taxaw temm ngir ______________ gàncax gi.
2. Muse nee na na coow li ____________ mbaa kenn du génn dallu.
3. Sàmmkat bi mu ngi ____________ nag yi.
4. Taw bi moo waral joŋante bi ____________.

- wattu
- dakk
- dawalkat

## Lu yenu maana / lu yenuwul maana

Ma jàng kàddu yi te sotti yi yenu maana ci sama kaye.

1. Saa yu àndee ak rakkam ji, dafa koy wattu ba kenn du ko néewal doole.
2. Bi mu waxee ba noppi la ma ni na wax ji dakk.
3. Mu ngi tëdd di nelaw di wattu garab gi.
4. Joŋante bi dakk na, ñaari ekib yi ku ci ne di def lu mën ngër jël ndam li.

## Dégginu kàddu

Ma jàng jukki bi, sotti kàddu yi ci sama kaye te mottali leen ak baat yi war.

1. Bi waay ji fàqee ca mbooloo ma, alkaati yi dañu koo ___________.
2. Peresidaŋ bi ay nit a ngi ko wër di ko ____________ ngir aar ko.
3. Bi defile bi wéyee, dafa ________ lool.
4. Xew-xew baa ngay ame ca ____________.


## Dégginu jukki joxe ay tontu yu fés ci jukki bi

Ma jàng jukki bi te tontu laaj yi ci sama kaye.

Laaj 1 : Ñan la alkaati yi di wattu ?
Laaj 2 : Lan moo tax seetaankat yi jaxasoo ?
Laaj 3 : Fan la waay ji fàqe ?
Laaj 4 : Kañ la yëf yi tas ?

## Defar jukki

Ma bind ci sama kaye jukkib juroom-benni kàddu yu jub te jëfandikoo tomb yi war. Ci kàddu yooyu, ma nettali ci beneen xew-xew bu njiitu réew mi teewe.



Njàng 5

# Jàng ngir tekki ëllëg

Aysatu dafa dugg ekool ak yeneen xale yu jigeen yu mu bokkal dëkk. Ren, mu ngi ci juroomeelu kalaas bi. Ku nangoo jàng la, bëggul a mel ni yeneen moroomam yi ci dëkk bi. Ñii bàyyi nañu njàng ngir toog ci kër gi, ñeneen ñi ngir sëy. Ci kër gi itam, ñépp a xame Aysatu yar ak **teggin**. Dafa weg waajuram, rakkam yi, magam yi ak i dëkkandoom.

Benn bés, pàppay Aysatu ne dafa koy maye ndax jàpp na ne ekool jigeen moomu ko. Li mu gëm mooy jigeen dafa war a teel a sëy, am ay doom. Looloo tax, mu bëgg ko may Móodu, doomu bàjjanam. Bi mu déggee loolu, Aysatu ne ay waajuram : « Masooleen wax ma teggi ko. Waaye tey jii dinaa leen xamal ni bëgguma bàyyi sama njàng di sëy. »

Muy jooy, dem wax ko nijaayam. Kooku fekksi leen, ne leen Aysatu wax na dëgg. Teel na lool ci moom muy sëy te gis ngeen ni muy jànge bu baax. Bu leen yàq njàngam. Waajuri Aysatu xam ne ñii dañu dëgër ci li ñu bëgg. Ñu dellu ginnaaw ci seen bëgg-bëgg. Nijaayu Aysatu ne dafa koy yóbbu Dakaar mu eggale njàngam. Aysatu bég lool ; dina mën a des ekool, jàng ni mu ware. Dafa bëgg dem liise, fexe ba waa këram yépp **naw** ko.

## Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng baat yi ci kërale gi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| maaj | tirbin | sax | jaxasoo | réew |
| xew-xew | njàmbaar | elikopteer | agsi | defile |
| mbetteel | jóge | feebar | peresidaŋ | tàmbali |
| mbey | illeer | dugub | gaaw | fekksi |
| mujj | dakk | mbégte | yaatu | abiyoŋ |

2. Ma jàng ci kaw jukki bi ñaari yoon ci njàng mu jub te gaaw.

3. Su ma juumee, damay xaar ñu jubbanti ma, ma jàngaat ko.

## Tekkim baat tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

**teggin :** mooy cër bi nit ki jox moroomam ;

**naw :** mooy saa su nit ki rafetloo taxawaay walla nekkinu keneen, ndax jikkoom ju rafet.

## Jëfandikoo baat bi ci kàddu

Ma jàng kàddu yi, sotti leen ci sama kaye te mottali leen ak baat yi war.

**Tàggat :**

1. Boo ko gisee ak ni mu tooge rekk nga xam ni ku am __________ la.
2. Jomam ju bari moo tax ma __________ ko lool.
3. Sunu muse dafa bëgg elew bu am yar ak __________.
4. __________ nañu jàngalekat bi ndax ni mu fonke li muy def.

- xaar
- naw
- teggin

## Lu yenu maana / lu yenuwul maana

Ma jàng kàddu yi te sotti yi yenu maana ci sama kaye.

1. Ku gëm boppam ku ko gis naw ko.
2. Ñàkk teggin jigul kenn.
3. Fu mu toog di ciipatu ndax am teggin.
4. Dama ko naw te faalewuma ko.
5. Ku ñàkk teggin kenn du xam lu koy dal.
6. Ba mu ko gisee muy sàcc, dafa ko naw lool !

## Dégginu kàddu

Ma jàng kàddu yi te wax ndax gu ci nekk wér na walla wérul.

1. Aysatu mu ngi tollu ci ñetteelu kalaas, ren jii.
2. Aysatu ku farlu la ci njàngam.
3. Pàppaam dafa bëgg mu sëyi.
4. Nijaayam moo ko maye mu sëyi.
5. Aysatu dafa bëgg a bàyyi jàng.
6. Dakaar la Aysatu di eggalee njàngam.

## Dégginu jukki — joxe ay tontu yu nëbbu ci jukki bi

Ma jàng jukki bi te tontu laaj yi ci sama kaye.

Laaj 1 : Ndax Aysatu ku yaru la ?

Laaj 2 : Lu koy firndeel ci jukki bi ?

Laaj 3 : Lan mooy gis-gisu pàppaay Aysatu ?

Laaj 4 : Lu tax njàngum jigeen ñi di faral di yàqu ?

Laaj 5 : Ci sa gis-gis, ndax jigeen mën na boole njàng ak sëy ?

## Defar jukki

Ma bind ci sama kaye jukkib juroom-ñetti kàddu yu jub te jëfandikoo tomb yi war. Ci kàddu yooyu, ma nettali ci nu liggeeyi kër mën a nekkee gàllankoor ci njàngum xale yi.



Njàng 6

# Ngoonug napp

Bi ekool tëjee, Mari dafa dem Ñoojoor ci Maam Biram. Maam Biram mooy rakku maamam ji jur yaayam. Dafa fa fekk Maas, doomu bàjjanam. Kër Maam Biram dafa yaatu, nekk ci wetu déeg.

Genn ngoon, ñu añ ba noppi, mu tàng lool. Maam Biram ne dafay yóbbu Mari ak Maas ñu nappi ca déeg ba. Bi ñu yegsee, Maas des ci tàkk li di futbal. Mari ak maamam toog di napp. Maamam moo koy won ni ñuy nappe. Mu jox ko bantu nappukaay bu am **meeb**. Meeb bi ci nekk nag ab gunoor la. Mari jël na nappukaay gi daldi ko dugal ci ndox mi. Nees tuuti, mu yég ne am na luy yëngatu ci bantam.

Mari bég xaat, di xalaat xeetu jën wi mu jàpp. Mu xëcc caas gi bu baax, mënul. Mari sàkku ndimbal ci maamam. Ñoom ñaar ñuy xëcc bant bi. Noonu rekk, ñu am mbetteel mu rëy ci li ñu gis. Li ñu jàpp mbonaat la. Mari mer, di jooy. Maamam nax ko, ne ko dina ko may ñaari jën yi mu napp. Mari muuñ. Maam Biram ne léegi nañu dellu kër ga. Bi ñu ñibbee, mu jox Mari jën yi, na mu ko ko dige woon. Mu **bërëm** leen, bokk leen ak Maas. Googu ngoon neexoon na lool. Du ko gaaw a fàtte.

## Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng baat yi ci kërale gi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| waajur | jóg | xel | weg | dipolomat |
| alkaati | maaj | illeer | mbey | dëkkandoo |
| sëyi | kër | soldaar | dëkk | pentuuraat |
| góornoor | kilifa | fekksi | taxaw | itam |
| juroomeel | seetaankat | ndekete | masoret | tane |

2. Ma jàng ci kaw jukki bi ñaari yoon ci njàng mu jub te gaaw.

3. Su ma juumee, damay xaar ñu jubbanti ma, ma jàngaat ko.

## Tekkim baat — tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

**meeb :** mooy ñam wi ñuy lonk ci catu caasu nappukaay ngir xiirtal jën yi ñu sex ko ;

**bërëm :** mooy saa su ñu tegee jën ci kaw safara ngir lakk ko.

## Jëfandikoo baat bi ci kàddu

Ma jàng kàddu yi, sotti leen ci sama kaye te mottali leen ak baat yi war.

**Tàggat :**

1. Soo bëggee napp jën yu bari, war nga yóbbaale __________ bu doy.
2. Xadi __________ jën yu bari jox xale yi ñu lekk.
3. Sama yaay __________ na jën yu bari.
4. Bi jën wi sexee __________ bi rekk la Sóogi xëcc caas gi.

- mbaal
- meeb
- xolli
- bërëm

## Lu yenu maana / lu yenuwul maana

Ma jàng kàddu yi te sotti yi yenu maana ci sama kaye.

1. Demal bërëm jën yi balaa muy naaj.
2. Astu mu ngi bërëm mboq mi.
3. Jën wi dafa sex meeb bi rekk nappukaay bi jàpp ko.
4. Nduggal ma meeb bu doy, cere laay togg.

## Dégginu kàddu

Ma jàng jukki bi, sotti kàddu yi ci sama kaye te jubbanti leen.

1. ñu - nappi - Mari - ngi - Maam Biram - ak.
2. na - Mari - nappukaayam - lonk - ci - meeb
3. bërëm - yi - ñu - ngi - jën - toog - yi - xale
4. seen - mbonaat - jàpp - nappukaay - la

## Dégginu jukki — génne njàngat ci ab jukki

Ma jàng jukki bi te tontu laaj yi ci sama kaye.

Laaj 1 : Lan moo nekk ci wetu kër Maam Biram ?

Laaj 2 : Lan la Maas doon def ci tàkk gi ?

Laaj 3 : Meeb bi lu muy jariñ ci nappukaay gi ?

Laaj 4 : Lan moo waral mbetteel mi Mari am ?

Su ma noppee, ma wax li ma jànge ci doxalinu Mari mi lakk jën yi séddoo ak Maas ?

## Defar jukki

Ma bind ci sama kaye jukkib juroom-ñetti kàddu yu jub te jëfandikoo tomb yi war. Ci kàddu yooyu, ma nettali beneen yoon bu Mari demee nappi ànd ak Maam Biram.



Njàng 7

## Ndam lu rëy

Démb ci ngoon, danu seetaani woon joŋante futbal bu neex a neex diggante ekibu Ngànda ak ekibu Jokkul. Joŋante boobu moo doon finaalu kubu Meeru dëkk bi.

Ñaari ekib yi dugg ci teereŋ bi ngir **jàmmaarloo**. Joŋantekati Ngànda ñoo niru woon ñu gën a am doole, waaye seen góol bi, Madi dafa ame laago ci tànk. Ñépp seetlu nañu ko, ak ni muy diree tànkam. Farandooy ekibu Jokkul yaakaar nañu ne kon seen i joŋantekat yi dinañu dugal ay bit yu sakkan ci lu yomb.

Bi arbit bi nee piib, futbal bi tàmbali. Ñaar ci ekibu Jokkul téye bal bi, di ko joxante. Ñetteel bi jël ko ci ñoom, daw jubal ca Madi. Ay wattukati ekibu Ngànda di ko jéem a sonal. Mu nax leen, jaar seen diggante, yegsi, ne jàkk, **janoo** ak Madi góol ba. Waaye mu mel ne melax. Mu naaw, tëdd ca tànk ya, jàpp bal bi. Ñépp tàccu ko. Madi jóg, dóor bal bi ak tànk bi ame laago, jox ko kenn ci farandoom yi. Kooku dem bay song rekk, ñu gis aw béy duggsi ci teereŋ bi. Ñépp jaaxle ci gile gan. Arbit bi dakkal lépp, génne béy wi, daldi wéyalaat joŋante bi.

Bi ñu joŋantee juroom-ñeent-fukki simili, ndam demul, ndam dikkul. Ñu tàmbaliwaat, ekib bu nekk war a dóor juroomi penaaltii. Mujj ga, ekibu Ngànda moo jël kubu Meer bi ci ñeenti biit ci ñett.

## Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng baat yi ci kërale gi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ngoon | eggale | lonku | fekksi | mbetteel |
| gunoor | dëgër | yëngatu | bàyyi | nappi |
| yóbbu | bant | dimbali | mbonaat | dëkkandoom |
| liise | teggi | nappukaay | teel | déeg |
| bég | tàkk | rakk | meeb | yépp |

2. Ma jàng ci kaw jukki bi ñaari yoon ci njàng mu jub te gaaw.

3. Su ma juumee, damay xaar ñu jubbanti ma, ma jàngaat ko.

## Tekkim baat tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

**jàmmaarloo** **:** mooy saa su ay nit walla mbooloo jàkkaarloo di xëccoo dara ;

**janoo :** mooy saa su kenn walla lenn jàkkaarloo ak keneen walla leneen.

## Jëfandikoo baat bi ci kàddu

Ma jàng kàddu yi, sotti leen ci sama kaye te mottali leen ak baat yi war.

**Tàggat :**

1. Seen kër gi mu ngi ___________ ak géej gi.
2. Béreb bii la Lat-Joor doon ___________ ak tubaab yi.
3. Musaa daw na ba _________ ak góol bi waaye mujjul dóor bal bi.
4. Sunu gox bi ku ko bëgg a tilimal ñu ___________ ak moom.

- safaan
- jàmmaarloo
- janoo

## Lu yenu maana / lu yenuwul maana

Ma jàng kàddu yi te sotti yi yenu maana ci sama kaye.

1. Ñu ngi jàmmaarloo, ku nekk di nuyu moroomam.
2. Maa ngi janoo ak kër gii ma won gannaaw.
3. Sunu ñaari néeg yi ñoo janoo, aw yoon rekk a dox ci diggante bi.
4. Ñaawlu nañu bu baax seetaankat yi doon jàmmaarloo.

## Dégginu kàddu

Ma jàng pàcci kàddu yi ci wet gu nekk. Su ma noppee, ma lëkkale ci sama kaye limukaay bu nekk ak araf wi muy àndal ngir am kàddu gu jub.

| | |
|---|---|
| 1. Futbalkat bi nangu na bal bi | a. daw di wone mbégteem. |
| 2. Dakkal nañu futbal bi | b. feesal na dell teereŋ bi ak ndox. |
| 3. Dugal na bit bu rëy | c. lay dóore bal bi. |
| 4. Taw bu bari bi fi wàcc | d. daw ak moom ba janoo ak góol bi rekk dóor. |
| 5. Tànk bi ame laago | e. ndax seetaantkat yi wàcc ci teereŋ bi. |

## Dégginu jukki — génne njàngat ci ab jukki

Ma jàng jukki bi te tontu laaj yi ci sama kaye.

Laaj 1 : Jukki bi ci lan lay wax ?
Laaj 2 : Yan ekib ñooy jàmmaarloo ci teereŋ bi ?
Laaj 3 : Lan mooy màndargay Madi ?
Laaj 4 : Ndax laagoom gàllankoor na ko ci po mi ?
Laaj 5 : Lan moo waral mbetteel mi Mari am ?
Su ma noppee, ma wax lan laa jànge ci bokk gi Madi bokk ci futbal bi.

## Defar jukki

Ma bind ci sama kaye jukkib juroom ñetti kàddu yu jub te jëfandikoo tomb yi war. Ci kàddu yooyu, ma nettali ci beneen joŋante tàggat-yaram boo xam ni kenn ca ña ca bokk dafa ame laago.



Njàng 8

# Sancabaa ngay tàkk

Ag lakk a am ca Sancaba, tey ci ngoon. Yuuxu yaa dawsiloo waa dëkk ba ne woon ci seen i yitte. Foo tollu di dégg fett-fetti ñax mu wow ma. Xale ya ànd di yuuxu ak mala ya. Ñépp **fëxandoo**.

Jekki rekk, ñu dégg ay yuuxu ca kër Aamadu. Ndeke Musaa, doomam, moo daw, jëm ca néeg bay tàkk, ne dafay jëli ay bagaasam. Waa dëkk ba yépp daw topp ko ngir mu bañ a dugg. Ñu fexe ba delloosi ko. Njiitu gox bi dajale ñi am doole ngir fay safara si. Waaye ngelaw liy gën a yokku rekk. Garab yépp lakk nañu, soppeeku ay lamp-tors yu réy. Sàq yépp daanu, pepp ma ca nekkoon tasaaroo ci suuf , ñuul kukk. Népp  jaaxle !

Ñu jël xale yi yóbbu leen ca bayaal ba, mag ña di leen wattu. Jigeen ña nekk ca teen ba, di root, di jox góor ña ñuy sotti ca safara sa. Yeneen dëkk yi daw wallusi ba ñu séenee saxaar say jolli. Sancaba mel ni àdduna su tukki. Ñuy xeex ak **jélem** ya ba xaaju guddi. Gannaaw gi, safara sa tàmbalee wàññeeku. Waaye lépp yàqu na. Lii moo metti ! Waa dëkk ba dajaloo ca bayaal ba, sonn, jaaxle. Guddi gi yàggoon na lool. Coono bi jàpp leen, ñu nelaw ak naqar.

## Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng baat yi ci kërale gi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| duggsi | simili | teereŋ | diggante | jàmmaarloo |
| napp | ekib | nappukaay | béy | muuñ |
| janoo | jën | farandoo | futbal | jóg |
| gan | tàccu | gunoor | jaaxle | ndox |
| tàng | wéyalaat | sàkku | déeg | meeb |

2. Ma jàng ci kaw jukki bi ñaari yoon ci njàng mu jub te gaaw.

3. Su ma juumee, damay xaar ñu jubbanti ma, ma jàngaat ko.

## Tekkim baat tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

**fëxandoo :** mooy saa su ay nit walla ay mala dawandoo ci lu gaaw ;

**jélem :** mooy tàkk-tàkk lu rëy te kowe.

## Jëfandikoo baat bi ci kàddu

Ma jàng kàddu yi, sotti leen ci sama kaye te mottali leen ak baat yi war.

**Tàggat :**

1. Simb si door na, gaynde gi ŋar, xale ya ____________.

- duggandoo
- fëxandoo
- dëkkandoo

2. Safara su ndaw la woon, waaye mujj na soppiku ay ____________ yu rëy ndax ngelaw li.

- dóom
- xal
- jélem

## Lu yenu maana / lu yenuwul maana

Ma jàng kàddu yi te sotti yi yenu maana ci sama kaye.

1. Picc yi fëxandoo nañu jëm kaw asamaan.
2. Xambal taal bi ndax jélem yi wàññiku.
3. Xaj bi dafa baw rekk gone yi fëxandoo.
4. Wàññil gaas bi, jélem yi wóorul.
5. Ba ñu yëgee li xew lañu fëxandoo.
6. Lakk gi neexul a fay ndax jélem yee tar.

## Dégginu kàddu

Ma jàng pàcci kàddu yi ci wet gu nekk. Su ma noppee, ma lëkkale ci sama kaye limukaay bu nekk a araf wi muy àndal ngir am kàddu gu jub.

| | |
|---|---|
| 1. Musaa daw na jëm ca néeg ba, | a. ndax sàq yépp lakk nañu. |
| 2. Jigeen ñi ñu ngi root | b. ngir ñu wut pexe ci lakk gi. |
| 3. Meer bi indi na ay ndimbal | c. waaye lépp a yàqu. |
| 4. Boroom dëkk dajale na góor ñi | d. di jox góor ñi. |
| 5. Safara si wàññeeku na | e. mag ña topp ko ngir mu bañ a dugg. |

## Dégginu jukki — génne njàngat ci ab jukki


Ma jàng jukki bi te tontu laaj yi ci sama kaye.

Laaj 1 : Lan moo xew Sancaba ?
Laaj 2 : Xew-xew bi ngoon la am walla bëccëg ? Lu koy firndeel ?
Laaj 3 : Ban taxawaay la jigeen ñi wone ?
Laaj 4 : Lu tax ñu méngale garab yi ak ay làmp-tors ?

Su ma noppee, ma wax li ma jànge ci ni waa gox bi jànkoontee ak safara si.

## Defar jukki

Ma bind ci sama kaye jukkib juroom-ñetti kàddu yu jub te jëfandikoo tomb yi war. Ci kàddu yooyu, ma nettali beneen jafe-jafe bu dal ci ab gox, waa gox ba xeexandoo ko.



Njàng 9

# Jànge ci ekool bu set

Ekoolu Combi ñu ngi ko tabax ci wetu fooraas bu mag, ci booy génn dëkk bi. Gétt yi dañuy ñëw di naan ci fooraas bi. Bi ñu koy soog a tabax, amul woon **ñag**. Mala ya dañu daan dugg, jaar ca ëtt ba. Xaj ya ak mbaam ya daan fa fanaan. Waaye tey loolu yépp dakk na. Waajuri ndongo yi fexe nañu ba miire ko, ngir mala yi bañati fa jaar. Dañuy bale ëttu ekool bi gaawu bu jot. Xale yu góor yi dañuy rato mbalit mi, dajale ko ci ginnaaw taax mi, taal ko. Suba su jot, xale yu jigeen yi dañuy bale kalaas yi. Ñu def mbalit mi ci póll yi ci koñu kalaas yi.

Genn suba, ñépp jaaxle ci li meetar yi ak elew yi gisandoo. Ñépp ubbi seen bët, taf seen gémmiñ. Ku sotti mbalit mi ci ëtt bi ? Benn elewu kalaasu juroom-benneel bi gis ay tànku mala ci wetu póll bi. Mu **jëli** ne béy yee tëb miiru ekool bi ci guddi gi, daldi tuuraale mbalit mi. Meetar bi ne na xale yi bale foofu te tonni mbalit mi. Bi ñu noppee, ekool bi setaat wecc. Ngir lu ni mel bañati amaat, Direktëer bi dem gis gardiñe bi. Mu ne ko na gën a farlu ci liggeeyam te fexe ba bàyyima yi dootuñu fi dugg. Booba ba léegi, ekool bi dafa set wecc.

## Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng baat yi ci kërale gi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| sàppe | yàggoon | coono | yegsi | wàññeeku |
| jélem | wallusi | diggante | ngelaw | seetlu |
| seetlu | niru | wattu | bagaas | daldi |
| sakkan | yóbbu | janoo | laago | fëxandoo |
| metti | joŋante | góol | jaaxle | mujj |

2. Ma jàng ci kaw jukki bi ñaari yoon ci njàng mu jub te gaaw.

3. Su ma juumee, damay xaar ñu jubbanti ma, ma jàngaat ko.

## Tekkim baat — tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

**ñag :** mooy mbir mu ñu wërale ab bérab ngir mu wattu ko, ngir dara du ci mën a dugg mel ni ab miir walla sàkket walla sax ay dég ;
**jëli :** mooy saa su nit sukkandikoo ci ay tegtal, xalaat ba xam lu nëbbu woon.

## Jëfandikoo baat bi ci kàddu

Ma jàng kàddu yi, sotti leen ci sama kaye te mottali leen ak baat yi war.

**Tàggat :**

1. Xalaatal, jéem a ___________ li ma lay wax mu leer ci sa bopp.

- jëli
- wëri
- tëri

2. Mala yi yàq nañu tool bi ndax li mu amul ___________.

- ñag
- nag
- nég

## Lu yenu maana / lu yenuwul maana

Ma jàng kàddu yi te sotti yi yenu maana ci sama kaye.

1. Dafa muus moo tax jëli na li ñu ko doon nëbb.
2. Samp na ñag ci diggu ekool bi.
3. Dafa ko fàtte woon waaye mujj na ko jëli.
4. Masoŋ bi ñag na néeg bi ñu soog a seng ci kaw.
5. Tool bi dégi déem a ko ñag.
6. Lu ñu ko bëgg a xamal rekk mu jëli ko.

## Dégginu kàddu

Ma jàngaat jukki bi. Su ma noppee, ma sotti kàddu yi ci sama kaye, toftale leen ci ni ñu ñëwe ci jukki.

| |
|---|
| 1. Suba su jot, xale yi bale kalaas bi. |
| 2. Ekoolu Combi am na fooraas. |
| 3. Jàngalekat bi wax na xale yi ñu bale te tonni mbalit mi. |
| 4. Ba ñu koy soog a tabax, ekool bi amul woon ñag. |
| 5. Xale yi xamuñu ku sotti mbalit mi ci ëttu ekool bi. |

## Dégginu jukki — nit ñi gën a fés ci jukki bi, fi yëf yi xewe, ni mu deme

Ma jàng jukki bi te tontu laaj yi ci sama kaye.

Laaj 1 : Lan moo nekk ci wetu ekoolu Combi ?

Laaj 2 : Lu tax mala yi daan dugg ci ekool bi ?

Laaj 3 : Ñan ñoo wut ay pexe ba ñag ekool bi ?

Laaj 4 : Ban bés lañuy bale ekool bi ?

Su ma noppee, ma wax li ma jànge ci taxawaayu elew yi ci cetug ekool bi.

## Defar jukki

Ma bind ci sama kaye Ñeenti fukki kàddu yu jub te jëfandikoo tomb yi war. Ci kàddu yooyu, ma nettali ci ay pexe yu ñu amal ba miire sunu ekoolu gox.



Njàng 10

# Doktoor bu mag

Tey Madam Kan dafay jàngale naka lañuy meloole nit. Badu ak seexam Mari ne ko mën nañu melool jigeen ju jàmbaare ju ñu xam. Mooy doktoor bu mag bi ci opitaal bi. Këram ak kër pàppa Omar ñoo dend.

Mu ngi tudd Maymuna, ñu koy woowe Doktoor Sekk. Ñeent-fukki at la am ; te it am na ay doom. Dafa xees te gàttul, njoolul. Ñi muy faj, liy jëkk a dalal seen xel mooy muuñ mi muy muuñ ak bëtu yaay bi mu leen di xool.

Suy xëy di liggeeyi danga koy gis mu sol yére yu rafet waaye su àggee opitaal, dafay sol mbubb mu weex tàll te set. Nit ku sawar la. Bés bi yépp, dafay dalal ñi feebar di leen seet, di leen faj.

Doktoor Sekk, ñépp a ko bëgg : muy ci opitaal bi, muy ci kàrce bi. Ku jar a roy la. **Tabe**em gi dafa **jéggi dayo**. Su weer deewee, dafay faral di jàppale xaritam yi. Dafa leen di may lu ne : diwlin, ceeb, yére, xaalis... Amul nag genn ayu-bés guy jàll te waa koñ bi yeewuñu ko guddi ngir mu dimbali leen ci ku feebar. Doktoor Sekk dafay dimbali ñépp ci xol bu sedd. Loolu moo tax xale yi di ko woowe yaayu kàrce bi.

## Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng baat yi ci kërale gi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| jaar | ñag | farlu | póll | setaat |
| bañati | jolli | gisandoo | gox | gaawu |
| delloosi | meetar | bayaal | jaaxle | àdduna |
| yuuxu | jélem | gardiñe | jëli | wallusi |
| séen | rato | nelaw | dajale | diis |

2. Ma jàng ci kaw jukki bi ñaari yoon ci njàng mu jub te gaaw.

3. Su ma juumee, damay xaar ñu jubbanti ma, ma jàngaat ko.

## Tekkim baat tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

**tabe :** mooy saa su nit ki dëkkee di maye, di joxe ci xol bu sedd ;

**jéggi dayo :** mooy saa su mbir rëyee ba kenn mënul a natt fi mu yem.

## Jëfandikoo baat bi ci kàddu

Ma jàng kàddu yi, sotti leen ci sama kaye te mottali leen ak baat yi war.

**Tàggat :**

1. Sunu ekool bu bees bi taaram dafa __________.
2. Sama yaay ku __________ la, dafay joxe rekk.
3. Li lay won ni ku __________ la mooy lu mu am bokk ko ak nit ñi.
4. Tàngoor wi dafa __________, maa ngi ñaq tooy xepp.

- tabe
- jéggi
- rafet
- jéggi dayo

## Lu yenu maana / lu yenuwul maana

Ma jàng kàddu yi te sotti yi yenu maana ci sama kaye.

1. Foo ko fekk mu ngi fas kanam gi ndax tabe.
2. Màrse bi ni mu xumbe jéggi na dayo.
3. Seen tabe gi moo tax ku leen seeti ñu teral la.
4. Omar ni mu njoole jéggi na dayo, ekool bi yéep moo fi sut.

## Dégginu kàddu

Ma jàng kàddu yi, jubbanti leen ba ñu jub, sotti leen ci sama kaye.

1. bi - mooy - Maymuna - turu - doktoor
2. dafay - xelu - feebar - dalal - doktoor - bi - ñi
3. dimbale - dee - wu - dafay - dëkkandoo - Weer - yi
4. Sekk - ñépp - jàppale - Doktoor - lay

## Dégginu jukki nit ñi gën a fés ci jukki bi, fi yëf yi xewe, ni mu deme

Ma jàng jukki bi te tontu laaj yi ci sama kaye.

Laaj 1 : Doktoor bi lan mooy turam ak santam ?

Laaj 2 : Nan la doktoor bi mel ci jëmm ?

Laaj 3 : Nan la doktoor bi mel ci jikko ?

Laaj 4 : Nan lay taxawoo nit ñi ?

Su ma noppee, ma wax ki gën a fés ci jukki bi, li xew fu mu xewe ak nu mu deme.

## Defar jukki

Ma bind ci sama kaye jukkib ñeenti kàddu yu jub te jëfandikoo tomb yi war. Ci kàddu yooyu, ma melool ci nit ku jàmbaare ci liggeeyam.



Njàng 11

## Lan mooy mikorob ?

Ngir waajal sunu njàng mi, sunu meetar dafa nu sant, man ak sama yeneen ñaari moroom, nu dem ci dispañseeru kàrce bi. Njiitu dispañseer bi lanu war a laaj lu jëm ci mikorob yi. Man ak sama moroom yi danu bëgg a xam lan mooy mikorob. Naka la mel ? Ndax mën na feebarloo nit ?

Njiitu dispañseer bi, buluus bu weex la sol, dalal nanu ci biroom. Tontu na ci sunuy laaj. Nee na : « Mikorob mooy loo xam ne kenn mënu ko gis ak ay bët. Dafa tuuti ba jumtukaay bi ñu naan mikoroskob rekk lañu ko mën a gise. Li muy def ci yaram mën nañu ko yég, bu ñu feebaree. Mikorob yi duñu leen gis waaye ñu ngi fépp : ci ngelaw li, ci ndox mi, ci garab yi. »

Doktoor bi yokk ci ne : « Léegi mikorob yi dañuy të garab yi leen daan ray. Doomi jàngoro yi ñu naan wiris, bakteri ak yeneen yi kenn mënul a gis ak bët yépp ay xeeti mikorob lañu. »

Yenn mikorob yi ñoo gën a tuuti milimeetar bu ñu def junney xaaj. Mikorob yi dañuy jur lu bare ci lu gaaw. Am na ci yu ñu amal njariñ wànte yeneen yi dañuy joxe feebar. Ci ndimbalu doktoor bi, am nanu tontu ci laaj yi nu yóbbu woon yépp te aju ci mikorob yi. Yàkkamti nanu yegg ba **siiwal** leen ci ekool bi.

## Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng baat yi ci kërale gi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| jaar | ñag | farlu | póll | setaat |
| bañati | jolli | gisandoo | gox | gaawu |
| delloosi | meetar | bayaal | jaaxle | àdduna |
| yuuxu | jélem | gardiñe | jëli | wallusi |
| séen | rato | nelaw | dajale | diis |
| diwlin | kàrce | guddi | ñag | feebar |

2. Ma jàng ci kaw jukki bi ñaari yoon ci njàng mu jub te gaaw.

3. Su ma juumee, damay xaar ñu jubbanti ma, ma jàngaat ko.

## Tekkim baat tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

**mikorob :** mooy doomu jàngoro, di waral feebar saa su duggee ci yaramu nit ;
**siiwal :** mooy saa su ñu yéglee mbir mu ñu xamul woon, ñépp yég ko.

## Jëfandikoo baat bi ci kàddu

Ma jàng kàddu yi, sotti leen ci sama kaye te mottali leen ak baat yi war.

**Tàggat :**

1. Takk na rajo, di wër di wax ngir __________ xibaar bi.
2. Nanuy raxas sunuy loxo ngir moytu __________.
3. Ndox ak saabu mën na la musal ci __________.
4. Moytu ko, ndax lu mu yég __________ ko.

- cet
- siiwal
- mikorob
- nëbb

## Lu yenu maana / lu yenuwul maana

Ma jàng kàddu yi te sotti yi yenu maana ci sama kaye.

1. Bëgg a mucc ci mikorob yi moo tax fu mu tollu di set.
2. Li mu woyoon daaw a ko siiwal ba ñépp xam ko.
3. Bi ko mikorob rombee ba tey dafa feebar.
4. Lii, kenn waru ko yég, siiwal kon.

## Dégginu kàddu

Ma jubbanti kàddu gu ci nekk te sotti ko ci sama kaye.

1. dinanu - mikorob - yi - Njiitu - xamal - ci - dispañseer - bi
2. sol - mu - weex - ngi - buluus - Fajkat - bi - bu
3. dañu - tuuti - yi - lool - Mikorob
4. laaj - ci - tontu - yi - Ndongo - ay - yi - am - nañu.

## Dégginu jukki — nit ñi gën a fés ci jukki bi, fi yëf yi xewe, ni mu deme

Ma jàng jukki bi te tontu laaj yi ci sama kaye.

Laaj 1 : Lan la jàngalekat bi sant ndongo yi ?

Laaj 2 : Njiitu dispañseer bi lan la sol ?

Laaj 3 : Yan xeeti mikorob lañu xamle ci jukki bi ?

Laaj 4 : Nan la mikorob mel ?

Su ma noppee, ma wax ki gën a fés ci jukki bi, li xew fu mu xewe ak nu mu deme.

## Defar jukki

Ma bind ci sama kaye jukkib juroom-benni kàddu yu jub te jëfandikoo tomb yi war.

Ci kàddu yooyu, ma melool ci jenn jàngoro ju mikorob di joxe.



Njàng 12

# Ñakk ca pénc ma

Tey ci suba, ñakkkat yi dañu ñëw ci pénc mi. Xale yi am ba fukki at lañu war a ñakk. Mari ak Badu jiitu nañu, xaaruñu sax seen pàppa yóbbu leen. Pénc mi nag xumb na lool. Ñakkkat yi teg nañu seen i jumtukaay. Defaral nañu leen ay bérabu ñakkukaay yu bare. Ñu lal ci taabal yi darab yu weex tàll. Ay boyet yu def ay **ping** ak **wëtteen** a ngi tege ci kaw taabal yi. Ci suufu taabal yi ñu def ca ay pubel yu am kubeer. Foofu lañuy sànni jumtukaay yi ñu jëfandikoo ba noppi. Ci kaw taabalu ñakkkat yi, ñu teg fa ab kàrne bu mag, ñu ciy bind turu ñi ñu ñakk. Dinañu ca bind tamit seen i at, seen turu ndey ak seen turu baay.

Xale yaa ngi raŋ ànd ak seen i waajur. Xale yi ñeme mel ni Mari ak Badu dañuy agsi rekk tàllal seen loxo, ñu ñakk leen. Am na nag gone yu xaw a ragal di yeex a tàllal seen loxo. Yenn saa yi sax, ñu dellu ca gannaaw di lox. Ñoxor, rakku seex yi dafa ragal ñakk. Xulli na bët yi, làqatu ci gannaaw baayam. Ñakkkat bi jegesi ko, di kaf ak moom, di ko reetaanloo. Bi Ñoxor di ree rekk, fekk na ping ba dugg te yégu ko. Mujjul am sax jotu jooy. Moom de du am feebaru ŋas.

## Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng baat yi ci kërale gi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| guddi | sotti | yóbbu | bakteri | futbal |
| dispañseer | tànk | fukk | kooku | safara |
| duggsi | néeg | mikorob | laago | farandoo |
| arbit | song | jàpp | ekib | jigeen |
| wiris | tàccu | séen | téye | jàkk |
| njariñ | xeet | njiit | ñakkkat | ñakkuwaay |

2. Ma jàng ci kaw jukki bi ñaari yoon ci njàng mu jub te gaaw.

3. Su ma juumee, damay xaar ñu jubbanti ma, ma jàngaat ko.

## Tekkim baat tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

**ping :** mooy weñ gu sew ne puso di nekk ci ñakkukaay ;

**wëtteen :** mooy am mbir mu nooy am melo wu weex, ñu koy jëfandikoo ngir fomp gaañu-gaañu walla góom, di ko ràbb it ngir defar ay yére.

## Jëfandikoo baat bi ci kàddu

Ma jàng kàddu yi, sotti leen ci sama kaye te mottali leen ak baat yi war.

**Tàggat :**

1. ___________ bu ñuy ñakkoo kenn du ko jëfandikoo ñaari yoon.
2. Dem na farmasin ba jëndi ___________ wu mu faje góomam.
3. ___________ melo wu weex la am.
4. ___________ bi jam na ko ba muy nàcc.

- góom
- ping
- wëtteen
- jam

## Lu yenu maana / lu yenuwul maana

Ma jàng kàddu yi te sotti yi yenu maana ci sama kaye.

1. Ping bu ñu jëfandikoo ba noppi sànnee ci war.
2. Farmasin bi jaay na ko wëtteen wu xonq te wow.
3. Abal ma ping ma firi sama létt yi.
4. Wëtteen bari na kër doktoor.

## Dégginu kàddu

Ma jàngaat jukki bi. Su ma noppee, ma sotti kàddu yi ci sama kaye, toftale leen ci ni ñu ñëwe ci jukki bi.

| |
|---|
| 1. Am na gone yuy lox ndax ragal ñakku. |
| 2. Ay pubel ñoo nekk ci suufu taabal yi. |
| 3. Xale yi war a ñakku weesuwuñu fukki at. |
| 4. Ñakkkat bi reetaanloo na Ñoxor. |
| 5. Ñakkkat yi teg nañu ay jumtukaay yu bari. |

## Dégginu jukki — màndargay jukki bi

Ma jàng jukki bi te tontu laaj yi ci sama kaye.

Laaj 1 : Ñakk yi fan lay ame ?
Laaj 2 : Fi ñuy amale ñakk yi nan la mel ?
Laaj 3 : Lan mooy wone ni Ñoxor dafa ragal ñakku ?
Laaj 4 : Lu tax Ñoxor du am feebaru ŋas ?

Su ma noppee, ma joxe màndargay jukki bi.

## Defar jukki

Ma bind ci sama kaye jukkib juroom-benni  kàddu yu jub te jëfandikoo tomb yi war.
Ci kàddu yooyu, ma melool ci benn fajkat bu mën liggeeyam.



Njàng 13

# Njëmbëtum garab

Tey la bésub jëmbët garab. Badu ak ay xaritam dañu koy màggal ak waa dëkk bi. Meer bu jigeen bi ak ñi koy xelal ñépp ay ñëw. Xaley gox bi génn teel di waajal bés boobu. Ñu ndaw ñi gàddu bale ak i pubel di setal gox bi. Ñi gën a mag wuti **tos**, peel ak i rato. Ci **pegg**u tali bi yépp, ñu gas fa ay pax. Nijaayu Mari ak Badu di suul tos mi, seen xarit yi di roose. Diggante ñaari pax yu ne, ñu bàyyi fa lu tollu ci benn meetar. Ay jigeen di ñaw ay saaku yu ñuy wërale garab yi ngir aar leen. Li ñuy liggeey yépp, ñu ngiy xumbal.

Nees kiisi, ñu dégg ay siren ak ay korne oto. Meer beey ñëw ak ñi mu àndal. Bi ñu yegsee, waa gox bi gatandu leen, di leen tëggal, di leen woyal. Meer bi jël kàddu, fàttali njariñu garab ci dundinu nit ñi. Bi mu noppee, mu jóg, dox ak tànk yu dëgër wuti bérebu njëmbët ba. Mu jël genn màngo gu ndaw, dugal ko ci am pax, sotti ci ndox mi nekkoon ci siwo bu xonq bi fa tege woon. Xale yi ñoom di cëpp-cëppi, di tëb di dal, bég lool ci bés bii. Ñu jëmbët xeetu garab yu takku te rafet. Bi ñu noppee, ñépp dem naani bisaab bu sedd kër Muse Saaña, lekk beñe yu neex yu ñu diw lem.

## Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng baat yi ci kërale gi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| tàllal | kàrce | të | xaaj | dispañseer |
| biro | raŋ | ñakk | ping | ñakkkat |
| seex | bakteri | yég | war | pénc |
| jegesi | buluus | wëtteen | wiris | jàngoro |
| bët | milimeetar | mikoroskob | ragal | mikorob |
| waajur | xulli | jooy | doktoor | yóbbu |

2. Ma jàng ci kaw jukki bi ñaari yoon ci njàng mu jub te gaaw.

3. Su ma juumee, damay xaar ñu jubbanti ma, ma jàngaat ko.

## Tekkim baat | tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

**tos** : mooy neefare mala yu ñu jaxase ak suuf ngir yombal màggug gàncax ;
**pegg** : mooy bérab bu sës ci mbir, nekk ci wetam, mooy wet.

## Jëfandikoo baat bi ci kàddu

Ma jàng kàddu yi, sotti leen ci sama kaye te mottali leen ak baat yi war.

**Tàggat :**

1. Gone yi ñu ngi fo ci __________u kër gi.
2. Bul fàttee def __________ ci pax mi booy jëmbët garab gi.
3. Sàmm bi wéer na yatam ci __________u gétt gi.
4. Wut na __________ gu bari jaxase ko ak suufu toolam.

- tas
- pegg
- tos
- pëgg

## Lu yenu maana / lu yenuwul maana

Ma jàng kàddu yi te sotti yi yenu maana ci sama kaye.

1. Yebbil ma tos gi ci pañe ndugg mi.
2. Ekool baa nga ca peggu dispañseer ba.
3. Tos gee naatal gàncax gi.
4. Pegg baa ngi ci diggu lal bi.
5. Nanu bàyyi ba suba nu yeggali njëmbët mi ndax tos gi jeex na.
6. Sa fowekaay baa nga ca peggu taabal ba.

## Dégginu kàddu

Ma jàngaat jukki bi. Su ma noppee, ma sotti kàddu yi ci sama kaye, te mottali leen.

1. Gone yi féete mag ñooy wuti .......................
2. Bi meer biy ñëw, waa gox bi dañu koo ....................
3. Ba ñuy jëmbët, jigeen ñi ñoo doon .......................
4. Xeeti garab yi ñu jëmbët dañoo .......................

## Dégginu jukki / màndargay jukki bi

Ma jàng jukki bi te tontu laaj yi ci sama kaye.

Laaj 1 : Yan nit ñoo fés ci jukki bi ?

Laaj 2 : Fan lañuy jëmbët ay garab ?

Laaj 3 : Meer bi ba muy ñëw, lan moo ko wone ?

Laaj 4 : Lan la Meer bi def ngir bokk ci liggeey bi ?

Su ma noppee, ma joxe màndargay jukki bi.

## Defar jukki

Ma bind ci sama kaye jukkib juroom-benni kàddu yu jub te jëfandikoo tomb yi war. Ci kàddu yooyu, ma melool ci genn kilifa gu fekkee woon ab set-setal ci sunu ekool.



Njàng 14

# Nanu fonk li ñépp bokk

Juroom-ñeenti waxtu jot na. Nu ngi ci ëttu ekool bi. Léegi waxtu noppalu jot. Elew yaa ngi ci seen kalaas. Fu nit tollu di dégg baatu muse yiy fàttali elew yi sàrtu ekool bi ak ndigal yi. Yenn saa yi, nga dégg riir mu tar ; ndekete elew yi ñooy tontu laaji muse yi.

Badu tàggu na Madam Kan dem rooti ndox ca robine ba. Dafa fàtte woon def ndox ci guttam. Robine baa nga féete ci wetu kalaasu Muse Saaña. Daw na ay xél ndaxte bëggul dara rëcc ko ci li madam bi di wax ci xam-xamu dénd.

Dafa doon gaawantu ba faf daanu. Fekk na ëttu ekool bi fees dell ak ndox. Xobi garab yaa ngiy tëmb ci taa-taa ndox mi. Kalaasu Muse Kan jël na wàllam, ndox maa nga fay **wal**. Tabax bu yàgg la. Dem na ba dëgëratul dara. Sengam yi dem nañu ba **weng**. Pentuuru miir bi ruus na ba jeex tàkk.

Ndeysaan, Badu jóg gis yére yu bees yi mu soloon tilim. Conco liy nàcc, xonq coyy. Mu boole mer ak rus. Noonu la jubal ca robine ba. Ëtt baa ngi wéet. Gisul kenn ci biti. Robine baa ngi xelli. Mu ngi naan : « Ñàkkul mu am ku ko fàttee tëj. Ndox miy tuuru, di wal yàq la. Sunu ñàkk a farlu dinanu indil lorànge. Li ñépp bokk daal, na ko ñépp sàmm. »

## Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng baat yi ci kërale gi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| peel | jigeen | pénc | pax | siwo |
| woyal | wuti | gatandu | raŋ | tàllal |
| korne | tëggal | gox | pubel | bisaab |
| ping | bàyyi | diggante | làqatu | roose |
| rato | takku | ñakk | tànk | darab |
| pax | njiijaay | cëpp-cëppi | xumb | naani |

2. Ma jàng ci kaw jukki bi ñaari yoon ci njàng mu jub te gaaw.

3. Su ma juumee, damay xaar ñu jubbanti ma, ma jàngaat ko.

## Tekkim baat tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

**wal :** mooy saa su ndox mu bari lool, walla leneen lu ni mel, tuuroo ci suuf bay daw ak xél.

**weng :** mooy saa su mbir dëngee jëm genn wet ;

## Jëfandikoo baat bi ci kàddu

Ma jàng kàddu yi, sotti leen ci sama kaye te mottali leen ak baat yi war.

**Tàggat :**

1. Su tawee, fii fépp dafay taa, ndox mi di ___________.
2. Poto-làmp bi dafa ___________ ndax oto bi ko mbëkk.
3. Dex gi dafay ___________ saa su nekk.
4. Jubbantil taabal ji, dafa xaw a ___________.

- tuuru
- weng
- tuur
- wal

## Lu yenu maana / lu yenuwul maana

Ma jàng kàddu yi te sotti yi yenu maana ci sama kaye.

1. Man duma dugg ci tabax bi ndax dafa weng.
2. Àttaaya ji ma doon naan tuuru na di wal.
3. Gaal gi dafa weng, tegu, jub xocc ci ndox mi.
4. Ndox maa ngi wal ci bopp koñ bi.

## Dégginu kàddu

Ma jàngaat jukki bi. Su ma noppee, ma sotti kàddu yi ci sama kaye, te mottali leen.

1. Foo tollu ci ëttu ekool bi dégg ……………………
2. Badu dafa doon daw, di gaawantu ba ………………..
3. Dafa daanu, jóg, gis ni ……………………
4. Xobi garab yi ñu ngi wadd ………………..

## Dégginu jukki tënk pàccu jukki

Ma jàng jukki bi te tontu laaj yi ci sama kaye.

Laaj 1 : Ki gën a fés ci jukki bi kan la ?

Laaj 2 : Fan la mbir yi xewe ?

Laaj 3 : Lan moo xew ?

Su ma noppee, ma tënk pàcc bi mujj ci jukki bi ci ñetti kàddu.

## Defar jukki

Ma bind ci sama kaye jukkib juroom-ñetti  kàddu yu jub te jëfandikoo tomb yi war.
Ci kàddu yooyu, ma melool ci benn tabax bu yàgg.



Njàng 15

# Xaritoo

Ci sumu kalaas, dama am xarit bu tudd Wig. Turam dëgg Wiktoor la waaye dañu koy neexal di ko woowe Wig. Xale bu góor la bu gàtt, ñuul, baax lool. Colinam dafa yiw. Tubay ak tisetu ekool bi lay sol. Bokkunu kër waaye danuy faral di seetiwante, te sunuy waajur dañu ci bég lool.

Sama xarit a ngi dëkk ci ginnaaw ekool bi ci tabax bu weex bu am ñaari néegu ñax. Seen kër dafa am **peroŋ** bu yaa ak ëtt bu bare garab. Ca ëtt ba, mu am menn mbaaru xar ak béy.

Man ak Wiktoor ñoo bokk taabal. Bu ñu génnee rekeryaasiyoŋ, ñooy fowandoo, lekk sunu mburu ci suufu **bénteñe** gu mag gi nekk ci diggu ekool bi.

Bu feetu Pag jotee, Wig dafa nuy yakkal boolu ngallax bu mag manak sama seex . Bu Tabaski jotee mu ñëw yeendu sunu kër. Danu déggoo lool. Xam na sama waajur yi, sama mag ak rakk yu jigeen ak yu góor. Man itam, xam naa bu baax waa këram yépp.

Bu ngoonee, bu nu jàngee ba noppi, nu jàng ci sunuy téere kër, tàggat sunu xel te di weccante xalaat ci laaj yu jafe yi. Am xarit dafa baax. Man dama bég ci sama xaritoo ak Wig te dama bëgg mu deme noonu ci sunu giiru dund. Su ma ko ko waxee, dafa may tàpp ne ma « amiin ». Ñu daldi lëngoo, xàqataay.

## Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng baat yi ci kërale gi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ñakk | ping | kàrce | njool | tàggoo |
| waxtu | tëb | ŋas | sànni | pénc |
| jëfandiku | ñoxor | sireen | tali | xaat |
| sedd | njool | lorànge | ëtt | tuuru |
| wàll | jiitu | jàngoro | xeet | dégg |
| weng | pegg | rooti | jëmbët | ndekete |

2. Ma jàng ci kaw jukki bi ñaari yoon ci njàng mu jub te gaaw.

3. Su ma juumee, damay xaar ñu jubbanti ma, ma jàngaat ko.

## Tekkim baat — tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

**peroŋ :** béreb bu yaa la, bu ñu dër ci buntu néeg yi ngir waa kër gi di fa waxtaane, di fa féexloo walla sax di fa lekke ;

**bénteñe :** garab gu mag a mag la, am jëmm lool, am ay dég, am bànqaas yu sëq, di indi péex mu neex.

## Jëfandikoo baat bi ci kàddu

Ma jàng kàddu yi, sotti leen ci sama kaye te mottali leen ak baat yi war.

**Tàggat :**

1. ______________ péex mu neex lay indi waaye kenn du lekk doom yi.
2. Sunu waa kër ci ____________ bi lañuy añe, naan àttaaya, waxtaan.
3. Liir baa ngiy nelaw ci biir ____________bi.
4. Tey dafa tàng, damay dem __________ga, sanguji.

- néeg
- peroŋ
- dex
- bénteñe

## Lu yenu maana / lu yenuwul maana

Ma jàng kàddu yi te sotti yi yenu maana ci sama kaye.

1. Bénteñe gi ci kaw taax mi la nekk.
2. Damay tëdd ci peroŋ bi, noppalu.
3. Peroŋ baa ngi ci biir bénteñe gi.
4. Bénteñe dina am doom, waaye kenn du lekk doom yi.
5. Bukki dafa yenu peroŋ bi di daw ak moom.
6. Bénteñe garab gu mag la.

## Dégginu kàddu

Ci laaj bu nekk, ma tànn tontu li jub, bind ko ci sama kaye.

1. Nan lañuy woowe xaritu kiy nettali ?
   a) Wiktoor. b) Dañu koy neexal. c) Wig.
2. Lan moo am kër ñoom Wiktoor ?
   a) Ñaari néegu ñax. b) Ñaari néegu tabax. c) Ñetti néeg.
3. Lan la Wiktoor di may xaritam ?
   a) Kaye. b) Ngallax. c) Caakiri.

## Dégginu jukki tënk pàccu jukki

Ma jàng jukki bi te tontu laaj yi ci sama kaye.

Laaj 1 : Ñan ñoo nekk ci jukki bi ?

Laaj 2 : Nan la kër ñoom Wiktoor mel ?

Laaj 3 : Lan moo nekk ci ëttu kër ñoom Wiktoor ?

Laaj 4 : Kiy nettali seex la ? Lan moo koy firndel ?

Su ma noppee, ma tënk pàcc bi mujj ci jukki bi ci ñetti kàddu.

## Defar jukki

Ma bind ci sama kaye jukkib ñetti kàddu yu jub te jëfandikoo tomb yi war. Ci kàddu yooyu, ma nettali li may def ak samay xarit bu tabaski jotee.



Njàng 16

# Portale bi

Ci bésu Tabaski bi, dama demoon portalewuji ci Sóoro. **Istijoo** Sóoro ci tali bi la nekk. Ci buntu bitig bi dafa am benn baŋ bu gudd. Ay waxambaane toog ca di àttaaya, di setaan tele. Istijoo bi dañu ko peentuur peentuur bu weex, bind ca : « Kër Sóoro, Portalekat bu **xareñ.** » Ñu nataal fa portale ak widewoo, bind ab nimero telefon ci suuf. Ci biir istijoo bi, dafa am ñaari néeg yu bare jumtukaay. Ñu taf fa ay foto yu mag, kaadare leen ba ñu rafet.

Sóoro dugal ma ci néeg bi ci biir, teg ma ci siis, ci kanamu benn rido bu rafet. Mu am nataalu tóor-tóor yu njaxas. Sóoro jubbanti sama bopp, ne ma naa teg sama loxo ci sama óom. Mu xool ndax sama butoŋu yére tëju na, ndax ni ma tooge jub na. Mu peñewaat sama bopp ak genn peñe gu ñuul. Mu xoolaat ma bu baax, taal ñaari làmp yu mag ci wet gu ne, daldi taxaw nag ci ginnaaw fotokaayam. Mu ne ma waxal « mersi ». Bi may wax rekk, ma dégg karaj. Fotowu naa ! Sóoro ne ma naa jëlsi sama foto suba. May jóg di dem, mu gunge ma ba ca bunt ba. Ma tàggu ko, dem. Sóoro portalekat bu mag la. Yàkkamti naa suba jot ba ma jëlsi sama foto.

## Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng baat yi ci kërale gi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| jiitu | muur | ñaw | kàrce | set |
| gàtt | njiit | muuñ | làqatu | njëmbët |
| dégg | bénteñe | jóg | tëb | bëgg |
| xél | dénd | tëmb | loràngе | ngalax |
| lëngoo | xaritoo | mbaar | diir | ñax |
| néeg | taxaw | njaxas | peroŋ | yàkkamti |

2. Ma jàng ci kaw jukki bi ñaari yoon ci njàng mu jub te gaaw.

3. Su ma juumee, damay xaar ñu jubbanti ma, ma jàngaat ko.

## Tekkim baat — tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

**istijoo :** béreb la bu ñuy liggeey lu jëm ci ay foto walla misig ;

**xareñ :** mooy muus te bari pexe ba mën a def walla liggeey lu bare.

## Jëfandikoo baat bi ci kàddu

Ma jàng kàddu yi, sotti leen ci sama kaye te mottali leen ak baat yi war.

**Tàggat :**

1. Nabu dafa ____________, jumtukaay boo ko jox mu tas ko, deferaat ko.

- tàyyeel
- xareñ
- baax

2. Damay fotowuji dàntite ca __________ ba.

- istijoo
- bitig
- mbaar

## Lu yenu maana / lu yenuwul maana

Ma jàng kàddu yi te sotti yi yenu maana ci sama kaye.

1. Istijoo mën nañu fa fotoo walla def fa misig.
2. Asan dafa xareñ moo tax loo ko jox mu yàq ko.
3. Tey istijoo bi laay dem sanguji.
4. Ku xareñ dafay muus, mën a xalaat.
5. Istijoo masin la buy defar foto.
6. Ku xareñ dafay tàyyeel, liggeey boo ko jox du ko mën.

## Dégginu kàddu

Ma toftale baat yi ni mu ware te bind kàddu gu jub gi ci sama kaye.

1. bëggee - dangay - soo - dem - portale - istijoo
2. xareñ - yeewu - ku - te - muus - dafay
3. ma - Sóoro - bi - na - ci - dugal - néeg - ci - foto - ma - biir
4. sama - peñewaat - mu - ak - peñe - bopp - ñuul - gu

## Dégginu jukki | tënk pàccu jukki

Ma jàng jukki bi te tontu laaj yi ci sama kaye.

Laaj 1 : Kañ la kiy nettali demoon fotowuji ?

Laaj 2 : Fan la istijoo Sóoro nekk ?

Laaj 3 : Lan moo nekk ci istijoo Sóoro ?

Laaj 4 : Lan la Sóoro defloo kiy nettali bi mu koy foto ?

Su ma noppee, ma tënk pàcc bi mujj ci jukki bi ci ñeenti kàddu.

## Defar jukki

Ma bind ci sama kaye jukkib juroom-ñetti kàddu te jëfandikoo tomb yi war. Ci kàddu yooyu, ma wax ci kiy nettali jëlee fotoom lu mu def, fu mu mujje.



Njàng 17

# Bésu tàggat yaram

Tey, danuy tàggat sunu yaram ci teereŋu ekool bi. Ba nuy teqalikoo démb, sunu madam waxoon na nu nu ñëw ak **mayo**. Bi nu tegee sunu bagaas ci kalaas bi ba noppi, nu raŋ ci bunt bi.

Dama sol benn mayo bu wert, bu rafet te lépp ànd. Madam bi fàttali sàrtu doxalinu ekool bi. Ekib yi def ñetti **sàppe**, su wert, su xonq ak su mboq, ni sunu raaya réew. Sàppe su ne, am ay jigeen ak ay góor. Ñu ndaw ñi nekk ci kanam, sàppe yi rafet lool. Nu wàcce sunu loxo ba mu jub ci sunu tànk, di woy, di maaj, jëm ca teereŋ ba.

Tereŋu tàggat yaram ba mu ngi nekk ci lu tolloo ak téemeeri meetar ca gannaaw ekool ba. Ñu rëdd ca wërngël bu mag, ci biir am fu ñuy fowe. Bi nu wëree pàkk bi, ñuy daw ndànk-ndànk. Madam bi di nu won nuy tàllal sunu yaram, laata nuy dellu sunu ekib. Foofa itam nuy cëpp-cëppi, di xaar arbit bi mbiib. Ñiy saytu ñépp toog. Joŋante yi tàmbali nañu.

Tey, ekib bu wert bi ma bokk mooy joŋante ak ekib bu mboq bi. Xonq yi nekk sunuy arbit. Futbal bi yombul ndax ndam demul woon dikkul woon, ca sunu ndaje mu mujj ma.

## Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng baat yi ci kërale gi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| bitig | tàggoo | tëj | ball | bénteñe |
| tàggoo | tuuru | óom | istijoo | xareñ |
| déggoo | jëlsi | garab | weccante | rafet |
| peñewaat | suuf | waxe | daldi | dend |
| weng | yàgg | rëcc | xumbal | meetar |
| rido | kaadare | àttaaya | jubbanti | istijoo |

2. Ma jàng ci kaw jukki bi ñaari yoon ci njàng mu jub te gaaw.

3. Su ma juumee, damay xaar ñu jubbanti ma, ma jàngaat ko.

## Tekkim baat tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

**mayo :** mooy yëre yi ngay sol, di ko niroole ak sa ekib, booy joŋante ;

**sàppe :** mooy nit walla mbir yu dend benn benn ba def aw rëdd wu jub.

## Jëfandikoo baat bi ci kàddu

Ma jàng kàddu yi, sotti leen ci sama kaye te mottali leen ak baat yi war.

**Tàggat :**

1. Waa kalaasu Kinne dañuy joŋante basket tey ak kalaasu Mari, ___________ yu weex ak yu xonq lañu sol.
2. Ku ___________ rekk moo mën a defar bii jumtukaay !
3. Sama ñoom bàjjan dañuy sabaru, toog nañu, def ___________, di xaar tëggkat yi.
4. Tegal sa baaraam ci _________, bi am biddiiw bi,jàng ko.

- sàppe
- xareñ
- wërngël
- mayo

## Lu yenu maana / lu yenuwul maana

Ma jàng kàddu yi te sotti yi yenu maana ci sama kaye.

1. Ren jii, sunu ekib bi mayo yu weex lañuy futbale nawetaan.
2. Omar de dafa xaar ba sàppe si jàll mu soog a ñëw.
3. Mayo dafa rafet ci sañse jigeen juy dem ngénte.
4. Mbooloo maa nga taxaw, def sàppe.
5. Sunu waa ekib sol nañu ay mayo moo tax kenn xàmmewu leen.
6. Xale yaa ngi def senn sàppe, ku nekk aw yoonu boppam.

## Dégginu kàddu

Ma sotti kàddu yi ci sama kaye. Ci laaj bu nekk, ma tànn tontu li jub, bind ko ci sama kaye.

1. Fan la xale yi raŋ bi ñu tegee seen bagaas ba noppi ?
a) Ci ëtt bi. b) Ci mbedd mi c) Ci bunt bi

2. Ñan ñoo nekk ci sàppe yi ?
a) Ay góor rekk. b) ay góor ak ay jigeen. c) ay xale rekk.

3. Kan moo jëloon ndam la ca joŋante ba jëkkoon ?
a) Ekib bu mboq bi. b) Kenn jëlul woon ndam li. c) Ekib bu wert bi.

## Dégginu jukki tënk pàccu jukki

Ma jàng jukki bi te tontu laaj yi ci sama kaye.

Laaj 1 : Fan la xale yi nekk ?

Laaj 2 : Ñan ñoo nekkoon ci sàppe yi ?


Laaj 3 : Kuy tàggat sa yaram nan ngay def ?

Laaj 4 : Lu tax xale yi di tàggat seen yaram ?

Su ma noppee, ma tënk pàcc bi mujj ci jukki bi ci ñetti kàddu.

## Defar jukki

Ma bind ci sama kaye jukkib juroom-ñetti kàddu yu jub te jëfandikoo tomb yi war. Ci kàddu yooyu, ma nettali nan la joŋante bi jexee.




Njàng 18

# Seexale ay ekool

Mari ak Badu ci górnamaŋu ekool bi lañu bokk. Ñoom bokk nañu ci ñiy dox ba **seexale** seen ekool ak ekool Kóli Fay, ca Biñona. Ci noonu lañu seeti Madam Kan ngir mu xelal leen. Mu ne leen : « Su ngeen ko dee waajal, nangeen :
- yëgal elew yépp ne dañu bëgg a seexale ekool bi ;
- yëgal ko it waajuri elew yi ak kureel giy saytu doxalinu ekool bi ;
- laaj ay xalaat jàngalekat yi saa su ko jaree ;
- wut ekool bu mel ni bi ñu bëgg a seexool ;
- wut ñu leen jàppale te ànd ak kureel giy saytu doxalinu ekool bi ;
- fàggu at mu nekk xaalis bu mën a doxal li ñu tëral. »

Mu dolli ca ne : « Su ngeen demee ba am ñi ngeen bëgg a seexool, nangeen :
- leen wax li ngeen di séentu ci ñoom ;
- jëfandikoo enternet walla ay **bataaxal**u kayit ngir mën a wax ak ñoom ;
- di bindante ak ñoom di waxtaan ak ñoom, ci li ngeen déggoo ;
- di waxtaan ci wàllu aada ak coosaan, njàng, njaboot, kéew gi, wareef yi ;
- tënk li ngeen nar a def lépp ; te samp kureel gu koy toppatoo ;
- di xool bu baax ndax yëf yaa ngiy dox ni mu ware ;
- di fexe saa su nekk ba kenn bañ a tàyyeel. »

## Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng baat yi ci kërale gi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| tàgg | juboo | ñaar | jóg | xëddeen |
| meeb | notaabal | ñuul | xàqataay | colin |
| jélem | ñag | saytu | dëgër | ayu-bés |
| ndaja | xaax | rab | guddi | njool |
| lëngoo | dund | peroŋ | bés | weccante |
| noppi | arbit | wàcce | sàppe | jot |

2. Ma jàng ci kaw jukki bi ñaari yoon ci njàng mu jub te gaaw.

3. Su ma juumee, damay xaar ñu jubbanti ma, ma jàngaat ko.

## Tekkim baat tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

**seexale :** mooy boole ñaari ekool walla dëkk walla nit, ngir ñu gën a xamante ba xaritoo ak dimbalante dox seen diggante ;

**bataaxal :** mooy ab yëgle walla ab nettali bu ñu tënk ci mbind ngir yónnee ko nit ; mën nañu ko woowe it leetar.

## Jëfandikoo baat bi ci kàddu

Ma jàng kàddu yi, sotti leen ci sama kaye te mottali leen ak baat yi war.

**Tàggat :**

1. Naasi ak Ngóone ay ____________ lañu ; dañu nuroo ba kenn mënu leen xàmmee.
2. Ekool Kóli Fay jot na bataaxal bu jóge ekool Jàmmagën.
3. Dañu ___________ Lil ca Faraas ak Ndar ci Senegaal.
4. Elewi Lil ak elewi Ndar dañuy bindante ay _________.

- seexale
- magal
- bataaxal
- seex

## Lu yenu maana / lu yenuwul maana

Ma jàng kàddu yi te sotti yi yenu maana ci sama kaye.

1. Ndar, ci Senegal ak Lil, ca Faraas ñaari dëkk yu ñu seexale lañu.
2. Sooy bind bataaxal mën nga ci wax lépp li ngay dund.
3. Mën nañu seexale ay nit, ay ekool, ay dëkk ak ay bàyyima.
4. Bataaxal kenn du ko bind, dañu koy wax.
5. Ekool yu seexoo dañu war di bindante ay bataaxal.
6. Seexale ñaari ekool dina indi xaritoo ak dimbalante ci seen diggante.

## Dégginu kàddu

Ma sotti kàddu yi ci sama kaye, te teqale baat yi ba njàng mi yomb.

1. MariakBadudañuseetiseenmadam.
2. Ñaariekoolyuñuseexaledañuwaraseetante.
3. Deeleenwaxtaanciwàlluaadaakcosaan.
4. Nangeenjëfandikooenternetwallaaybataaxal.

## Dégginu jukki tënk pàccu jukki

Ma jàng jukki bi te tontu laaj yi ci sama kaye.

Laaj 1 : Mari ak Badu ci lan lañu bokk ?

Laaj 2 : Lan mooy waaj a am digante ekoolu ñoom Mari ak ekoolu Kóli Fay ?

Laaj 3 : Fan la ekoolu Kóli Fay nekk ?

Laaj 4 : Bataaxal yi ak enternet lu ñuy jariñ ci seexale bi ?

Su ma noppee, ma tënk ci juroomi kàddu pàcc biy wax ci naka lanuy waajale seexale ñaari ekool.

## Defar jukki

Ma bind ci sama kaye jukkib ñeenti kàddu yu jub te jëfandikoo tomb yi war. Ci kàddu yooyu, ma nettali waa ekoolu Mari lan lañuy bind ci bataaxal bi ñu bëgg yónnee waa ekoolu Kóli Fay.



Njàng 19

# Li war elew ci ekool

Su ngeen bëggee seen ekool set, naat, féex, am jàmm, jëfeleen yii nuy bëgg tudd. Nangeen ànd :

- def ekool bi ne kër gi ngeen dëkk ;
- sos górnamaŋ buy toppatoo lépp luy baaxal seen nekkin ci ekool bi ;
- tëral ay sàrt yu ngeen di jaar, saa su nekk, te ku nekk di leen jëfe ;
- bind sàrt yi ci àlluwa ju ne **fàŋŋ** ci ëttu ekool bi, ñépp di ko gis ;

Su ngeen ci noppee, nangeen :

- àndandoo di ko setal saa su nekk, bés bu nekk ;
- saxal ay fuloor ci wetu kalaas yi ak ci ëtt bi ;
- saxal ay garab fépp fu ngeen soxla ker ngir elew yi bañ a nekk ci naaj wi ;
- **ay-ayloo** ci di suuxat ak di toppatoo bu baax garab ak fuloor yi ci ekool bi.

Na ngeen itam :

- saytu bu baax robine walla teen yi nekk ci ekool bi ;
- fexe ba kenn du yàq ndox ci ekool bi ;
- sàmm jumtukaay yi ci ekool bi, moytu di leen yàq ;
- jàppalante ci lépp lu ngeen di def ;
- fexe ba kalaas yépp di joŋante ci defar ekool bi ;
- sargal, weer wu nekk, ñi gën a jàmbaare ci toppatoo ekool bi.

## Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng baat yi ci kërale gi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| tàggat | jodd | seexale | bindante | istijoo |
| sàppe | peñe | jumtukaay | xareñ | bataaxal |
| widewoo | weccante | xàqataay | lëngoo | jéemantu |
| górnamaŋ | Sóoro | giir | waxambaane | dénd |
| Wig | peroŋ | mayo | conco | aada |
| saytu | fàggu | joŋante | enternet | cëpp-cëppi |

2. Ma jàng ci kaw jukki bi ñaari yoon ci njàng mu jub te gaaw.

3. Su ma juumee, damay xaar ñu jubbanti ma, ma jàngaat ko.

## Tekkim baat | tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

**fàŋŋ :** mooy lu feeñ bu baax, fés, ñépp di ko gis ;

**ay-ayloo :** mooy moomante, bu kii defee, walla mu jël, beneen yoon moroomam def walla mu jël.

## Jëfandikoo baat bi ci kàddu

Ma jàng kàddu yi, sotti leen ci sama kaye te mottali leen ak baat yi war.

**Tàggat :**

1. Weer waa ngi ne ____________ ci asamaan si.

- jàkk
- fàŋŋ
- kuruus

2. Sama yaay ak samay bàjjan dañuy __________ togg gi ak liggeey bi ci kër gi.

- kurti-kurti
- ay-ayloo
- jéem-jéemlu

## Lu yenu maana / lu yenuwul maana

Ma jàng kàddu yi te sotti yi yenu maana ci sama kaye.

1. Bénteñe gaa ngi ne fàŋŋ ci diggu ekool bi.
2. Su nu ay-ayloo liggeey bi , dunu fi jóge.
3. Tey dafa niis, jant baa ngi ne fàŋŋ ci asamaan si.
4. Bale kalaas bi danu koy ay-ayloo ndax ñépp la war.
5. Bëñu ginaar baa ngi ne fàŋŋ.
6. Kenn du yëg liggeeyu kër gi, ndax dañu koy ay-ayloo.

## Dégginu kàddu

Ma sotti kërale gi ci sama kaye te lëkkale yi war a ànd ci càmmoñ ak ci ndeyjoor ngir am kàddu gu jub.

| | |
|---|---|
| Kenn warul yàq | ñi gën a jàmbaare. |
| Tëral nañu | jàppalante. |
| Dañuy ay-ayloo | ndox. |
| Dañu war a | ay sàrt. |
| Dinañu sargal | ci liggeey bi. |

## Dégginu jukki — tënk pàccu jukki

Ma jàng jukki bi te tontu laaj yi ci sama kaye.

Laaj 1 : Kan mooy jëfe sàrtu ekool bi ?

Laaj 2 : Nan lanu war a liggeeye ba ñépp bokk ?

Laaj 3 : Lan lanu war a def ba ekool bi set, rafet ?

Laaj 4 : Kan moo bind sàrtu ekool bi ?

Su ma noppee, ma tënk ci juroomi kàddu pàcc biy wax ci li xale yi war a def su ñu àndee ba noppi.

## Defar jukki

Ma bind ci sama kaye jukkib ñeenti kàddu te jëfandikoo tomb yi war. Ci kàddu yooyu, ma digal sama benn xarit ay sàrt yu mu war a topp su nekkee seen kër.



Njàng 20

# Raxas loxo yi ba ñu set

Yenn feebar yu sew-sewaan yi sonal nañu askan wi. Loolu tax na ba sunu madam woo Muse Maane miy liggeeye **serwisdisen**. Dafa bëgg mu wax nu lu nuy aar ci feebar yooyu.

Sunu madam nuyoole na ko ak elew yi. Ci noonu, Muse Maane ne nu : « Ngelaw li nu wër, nekk ci ndox mi, moo xam muy ndox mu set walla mu tilim, nekk ci **gàncax** yi walla ci suuf, ëmb na doomi jàngoro yu bët mënul a gis. Doomi jàngoro yooyu ñooy joxe feebar.

Li leen di aar ba ngeen mucc ci jàngoro yooyu mooy :
- di raxas, saa su nekk, seen i loxo laata ngeen di lekk ;
- di raxas seen i loxo ak ndox mu set wecc ;
- di setal ndab li ngeen di raxase seen loxo ;
- di moytu njaboot gépp di jëfandikoo menn ndox mi ngeen di raxasoo ;
- di tóllanti ndox mi ba ngeen bañ a raxasoondoo ci menn ndox ;
- di yokk ci ndox mi ngeen di raxasoo bépp xeetu  saabu ;
- di jëfandikoo, su ko laajee, oddusawel, raxase ko seen i loxo. »

Ba nu noppee ci waxtaan wi, sunu madam gërëm Muse Maane ci ndigal yu am solo yi mu joxe. Mu xamal ko ne dina ci taxaw ba elew yi di jëfe ndénkaane yi.

## Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng baat yi ci kërale gi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| jàkk | yéene | fuloor | ngir | ñey |
| sargal | yàkkamti | saytu | ay-ayloo | bataaxal |
| Biñona | tënk | tàggatukaay | robine | bañ |
| yëg | toppatoo | fàŋŋ | jàmbaare | xelal |
| istijoo | ŋar | jëfandikoo | ngeen | seexale |
| fuloor | moytu | cet | fàtte | yàq |

2. Ma jàng ci kaw jukki bi ñaari yoon ci njàng mu jub te gaaw.

3. Su ma juumee, damay xaar ñu jubbanti ma, ma jàngaat ko.

## Tekkim baat tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

**serwisdisen :** béreb la bu ñuy liggeeye, di fa saytu lépp lu jëm ci cetu nit ak lépp li ko wër ;

**gàncax :** mooy lépp luy sax, ci lu deme niki ñax walla garab.

## Jëfandikoo baat bi ci kàddu

Ma jàng kàddu yi, sotti leen ci sama kaye te mottali leen ak baat yi war.

**Tàggat :**

1. Ren dafa taw bu baax moo tax ___________ gaa gi rafet lool.

2. Waa ___________ dañuy pompe tey goxu Sancaba ndax dafa bare yoo.

3. Àll baa ngi naat, ___________ yaa ngi suur !

4. Find-feer gu xumaag moo jam Daawuda, pàppaam yóbbu ko _________, mu pikiiruji tetaanoos.

- nag
- gàncax
- serwisdisen
- opitaal

## Lu yenu maana / lu yenuwul maana

Ma jàng kàddu yi te sotti yi yenu maana ci sama kaye.

1. Serwisdisen kenn du fa fajoo.
2. Xar mi naan na gàncax gi ba mu jeex tàkk.
3. Bu nawet bi baaxee, gàncax gi du naat dara.
4. Ñiy liggeey serwisdisen dañuy wër ci gox yi, di seet mbaa set nañu.
5. Bu gàncax gi naatee, àll bi dafay rafet, bàyyima yi suur.
6. Waa serwisdisen dañu bég lool ndax gox bi dafa tilim.

## Dégginu kàddu

Ma jàng baat walla kàddu yi ci wet gu nekk. Su ma noppee, ma lëkkale ci sama kaye limukaay bu nekk ak araf wi muy àndal ngir am kàddu gu jub.

| | |
|---|---|
| 1. feebar | a. dina tax a mucc ci feebar. |
| 2. serwisdisen | b. dina yokk ay yoo. |
| 3. raxas say loxo | c. war naa jëfandikoo sànke yu ñu nàndal. |
| 4. gàncax gu bari | d. doomu jàngoro mën na ko joxe. |
| 5. askan wi | e. mooy toppatoo cet gi. |

## Dégginu jukki tënk pàccu jukki

Ma jàng jukki bi te tontu laaj yi ci sama kaye.

Laaj 1 : Ci jukki bi, kan mooy wax ci mbirum cet ?

Laaj 2 : Moom fu muy liggeeye ?

Laaj 3 : Fan la doomi jàngoro yi di jóge ?

Laaj 4 : Nan lañu war a raxase sunu loxo ?

Su ma noppee, ma tënk ci juroomi kàddu pàcc biy wax ci li ñu war a def ngir mucc ci jàngoro yi.

## Defar jukki

Ma bind ci sama kaye jukkib juroom-benni kàddu yu jub te jëfandikoo tomb yi war. Ci kàddu yooyu, ma digal sama waa gox nu ñuy def ba set.




Njàng 21

## Sañ-sañi ku bokk ci réew

Ren war na am ay wote ci Senegaal, suñu réew. Looloo tax rajo yi ak tele yi di wax booba ba léegi. Amal nañu ay waxtaan fépp. Tey Madam Kan dafa jël dogalu jàngal ñoom Mari ak Faana sañ-sañu ku bokk ci réew. Dafa leen bëgg a xamal ne **doom-réew** bu nekk dafa am ay **yelleef**, am ay wareef, donte xale la.

Ndénkaane yii la leen wax :
- biral leen li ngeen xalaat, seen yelleef la ;
- wax leen ko mbaa ngeen bind ko, wànte bulen ci tooñ kenn ;
- xam leen bu baax fi seen yelleef tàmbalee ak fi mu yem ;
- mën ngeen fésal seen naqar, su ngeen bégul ci lu ñu leen teg, wànte itam du nu leen neex ngeen koy defe ; mën ngeen a sos ag mbootaay waaye dafa war a tegu ci yoon ;
- nangeen bàyyi xel bu baax ne su ngeen amee fukki at ak juroom-ñett, war ngeen a bindu ci mbooloo mi war a wote ;
- xam leen bu baax ne nguur gi warloo na jàngal leen ba ngeen am fukki at ak juroom-benn lu mu néew-néew ;
- jàpp leen ne am ngeen yelleefu ñu taxawu seen wér-gu-yaramn ;
- nangeen xam it ne seen yelleef la ngeen am fu ngeen di féexale seen xol. Loolu yoon moo ko may bépp xale.

## Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng baat yi ci kërale gi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| dëkkaale | dundi | wormaal | jëf | gox |
| weg | réew | mbalit | wareef | ndénkaane |
| yelleef | fépp | dëkkal | naqar | ñeme |
| sàmm | mbootaay | sañ-sañ | rajo | fésal |
| sànni | rafet | déggal | demlante | dëkkin |
| Muse | górnamaŋ | tóllanti | ëmb | wallu |
| fexe | nuyoole | féex | àlluwa | joxe |

2. Ma jàng ci kaw jukki bi ñaari yoon ci njàng mu jub te gaaw.

3. Su ma juumee, damay xaar ñu jubbanti ma, ma jàngaat ko.

## Tekkim baat tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

**doom-réew :** mooy ku juddoo ci am réew, bokk ci ;

**yelleef :** mooy li jaadu ci nit, li mu moom.

## Jëfandikoo baat bi ci kàddu

Ma jàng kàddu yi, sotti leen ci sama kaye te mottali leen ak baat yi war.

**Tàggat :**

1. Yoon la ñu jox bépp ___________ àqam.
2. Kenn warul xañ nit ___________ yi mu moom.
3. ___________ dafa war a wote su ci tolloo.
4. Ku la xañ sa ___________ deful yoon.

- yelleef
- doom-réew
- caaxaan

## Lu yenu maana / lu yenuwul maana

Ma jàng kàddu yi te sotti yi yenu maana ci sama kaye.

1. Xale yi dañoo am ay yelleef yu ñu war a sàmm.
2. Doom-réew yi ñoo doon wattu gan yi leen doon fallal seen i njiit.
3. Yelleef yi ñu xañ moo ko tax a bari jàmm.
4. Doom-réew bu baax day nangoo liggeey.

## Dégginu kàddu

Ma jàng kàddu yi, jubbanti leen ba ñu jub, sotti leen ci sama kaye.

1. yelleef - la -ndax - xale yi - leen - jàngal - seen
2. soo - wax - ko - mbaa - kontaanul - nga - bind - ko
3. seen - nit - ñi - àq - joxal
4. toppatoo - war - njàngum - xale- yi - ñépp - na.

## Dégginu jukki tënk pàccu jukki

Ma jàng jukki bi te tontu laaj yi ci sama kaye.

Laaj 1 : Lu nit war a def su amee xalaat ?

Laaj 2 : Lan la nit mën a def su amee lu ko naqari ?

Laaj 3 : Kañ la xale mën a bokk ci wote ?

Laaj 4 : Kan moo warloo toppatoo njàngu xale yi ?

Su ma noppee, ma tënk ci juroomi kàddu pàcc biy joxe ndenkaane yi.

## Defar jukki

Ma bind ci sama kaye jukkib juroom-benni kàddu yu jub te jëfandikoo tomb yi war.
Ci kàddu yooyu, ma digle ci, xamle ci ni nit war a def ba jëfandikoo ay yelleefam.




Njàng 22

# Dund ci jàmm

Soo bëggee dund ci jàmm, danga war a def li la war ci sa nekkin ak sa dëkkandoo. Sàmm jàmm dina tax nga am dundin wu rafet ak ñi nga dëkkal. Ngir loolu am, danga war a :

Ci sa diggante ak nit ñi :
- **weg** say dëkkaale te di leen may ñuy noppalu ;
- weg mag ñi te déggal leen ;
- weg itam xale yi ak néew-ji-doole yi ;
- wormaal ñépp ci wax ak ci jëf tey bañ a saaga ;
- di maslaa tey **demlante** ak dëkkandoo yi ;
- di jàppalante ak dëkkandoo yi ;
- am sutura, mën a muñ, tey baale ;
- nangul nit ñi li ñu gëm te weg fi ñu bokk, muy ci aada ci pólitig, añs.

Ci boo waree sàmm kéew gi :
- sàmm dëkkin wu baax ci gox bi ;
- bañ a sànni mbalit ci mbedd mi walla ngay tilimal buntu kër jàmbur yi ;
- sàmm alalu buur ak li nit ñi bokk ;
- bokk ci liggeeyu gox bi naka yeete ci yenn feebar yi, maye deret... ;
- bañ a dagg garab yi ci lu la amalul njàrin ;
- Am yitte ci lépp lu sàmm kéew gi.

## Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng baat yi ci kërale gi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| suuxat | yem | yenn | fépp | loxo |
| tooñ | suñu | njaboot | wote | yokk |
| jàngal | jàppale | sañ-sañ | xeet | bépp |
| gërëm | taxawu | tóllanti | ndénkaane | ay-ayloo |
| saabu | àlluwa | menn | raxasandoo | nemmiku |
| bàyyi | sañ-sañ | yelleef | wànte | féexal |
| wareef | waxtaan | naqar | oddusawel | raxasu |

2. Ma jàng ci kaw jukki bi ñaari yoon ci njàng mu jub te gaaw.

3. Su ma juumee, damay xaar ñu jubbanti ma, ma jàngaat ko.

## Tekkim baat tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

**weg :** mooy saa su nit jàppee moroomam ni mu ware, jox ko cér, fonk ko ;

**demlante :** mooy saa su nit dee faral di seeti moroomam, kooku it di def lu ni mel ci moom.

## Jëfandikoo baat bi ci kàddu

Ma jàng kàddu yi, sotti leen ci sama kaye te mottali leen ak baat yi war.

**Tàggat :**

1. Mag dañu koy __________, déggal ko.
2. __________ ak say dëkkandoo dina indi jàmm.
3. Ñaari dëkk yi dañu xaritoo moo tax ñuy______.
4. Ngir wut jàmm, nanga __________ say dëkkandoo.

- weg
- demlante
- xaste

## Lu yenu maana / lu yenuwul maana

Ma jàng kàddu yi te sotti yi yenu maana ci sama kaye.

1. Weg ko mo tax lu mu ma wax ma delloo ko ko.
2. Dinaa bàyyi demlante ak moom ndax saa su nekk dafa may seetsi.
3. Dafa weg ay waajuram ba ñépp xam ko.
4. Ngir sunu dundin ci pénc mi rafet, nanu fonk demlante.

## Dégginu kàddu

Ma jàng kàddu yi, jubbanti leen ba ñu jub, sotti leen ci sama kaye.

1. ñi - nga - weg - koñ - war - nga - bokkal
2. soo - wax - ko - mbaa - kontaanul - nga - bind - ko
3. di - war - ñi - bokk - demlante - nañu
4. mbalit - ci - tuur - moytu - leen - mbedd - mi

## Dégginu jukki / tënk ab jukki

Ma jàng jukki bi te tontu laaj yi ci sama kaye.

Laaj 1 : Ku bëgg jàmm, ci ñan la war a jëmale yar ak teggin ?

Laaj 2 : Ki bëgg jàmm, lan la jublu ci ubbil nit ñi boppam ?

Laaj 3 : Lan mooy wone ne am yërmande bokk na ci ndénkaane yi ?

Laaj 4 : Lan nga mën a jànge ci ndénkaane yi jëm ci ni ñuy doxale ak dëkkandoo ?

Su ma noppee, ma tënk jukki bi ci juroomi kàddu, ci sama kaye.

## Defar jukki

Ma bind ci sama kaye jukkib juroom-benni kàddu yu jub te jëfandikoo tomb yi war. Ci kàddu yooyu, ma digle ci ni nit war a def ba dund ci jàmm ak waa koñam.




Njàng 23

# Toppatoo ñi wéradi

Ci sunu gox, dafa am benn xale bu góor bu njool, mënoon a jàng. Waaye dafa wéradi. Xale yi dañu koy ñaawal, di ko woowe Sëñ-Màgget, Gudd-Yeel. Benn bés, Sëñ-Màgget jaar ci buntu ekool bi. Xale yi ñii daw, ñii di yuuxu, ñii di ko ñaawal. Mu mer, di leen sànni xeer. Bi ñu duggee kalaas, sunu madam mer lool ci li xale yi doon ñaawal Sëñ-Màgget. Mu ñuy digal naan ñu : « Ñu wéradi ñi ay nit lañu ni yéen, dañu am rekk feebaru xel, kon :

- dangeen leen war a weg ;
- nangeen nangu ni ñoom meluñu ni yéen te ngeen jàppe leen noonu ;
- ngeen aar leen ;
- ngeen bañ leen di woowe ay turi ñaawal ;
- ngeen bañ leen di ñaawal ak di leen sànni xeer ;
- ngeen may leen lekk ak yére, su mënee nekk ;
- su ngeen di wax ak ñoom, ngeen teey, te déglu leen bu baax, faaydaal leen ;
- ngeen nekk ak ñoom nekkinu nit, **sopp** leen te bañ leen a def ay xale walla ay dof.

Ñu wéradi ñi ay nit ñu feebar rekk lañu. Dañu leen war a yóbbu opitaal, faj leen naka ñi ame yeneen feebar yi. Dañu leen war a weg te won leen **cofeel**. »

## Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng baat yi ci kërale gi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| fuloor | àlluwa | robine | jumtukaay | nemmiku |
| moytu | sàrt | weer | yàq | joŋante |
| jàmbaare | waxtaane | jàngoro | ndab | gépp |
| gàncax | wecc | tóllanti | xeet | saabu |
| tëral | raxasandoo | liggeey | ngelaw | àndandoo |
| kermees | pólitig | deret | néew-ji-doole | dundin |
| mbalit | kéew | dëkkin | tilimal | weg |

2. Ma jàng ci kaw jukki bi ñaari yoon ci njàng mu jub te gaaw.

3. Su ma juumee, damay xaar ñu jubbanti ma, ma jàngaat ko.

## Tekkim baat tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

**sopp :** mooy saa su nit ki bëggee moroomam, mu neex ko lool ;

**cofeel :** mooy li nit ki di yég ci xolam saa su soppee moroomam te yéene ko jàmm.

## Jëfandikoo baat bi ci kàddu

Ma jàng kàddu yi, sotti leen ci sama kaye te mottali leen ak baat yi war.

**Tàggat :**

1. __________ gi ndey am ci doomam rëy na lool.
2. Sunu muse ______________ naa ko ndax farloom.
3. Sunu yaayu daara dafa am ________ ci ndongo yi
4. Dama ko __________ moo tax su ma ko gisee rekk kontaan.

- sopp
- bañ
- cofeel
- xam-xam

## Lu yenu maana / lu yenuwul maana

Ma jàng kàddu yi te sotti yi yenu maana ci sama kaye.

1. Ni mu la soppe moo tax mu lay fasal kanamam.
2. Am naa cofeel ci sa kilifa gi.
3. Cofeelam yi yow a tax mu lay xeelu rekk.
4. Ku jikkoom rafet, foo ko gis sopp ko.

## Dégginu kàddu

Ci laaj bu nekk, ma tànn tontu li jub, bind ko ci sama kaye.

1. Tur wi xale yi jox ki wéradi ...
a) Turu cofeel la. b) Turu mbañeel la. c) Ci bunt bi.

2. Sëñ-Màgget xale bu jigeen bu ...
a) Gàtt la. b) Am yaram la. c) Njool la.

3. Ñi am feebaru xel dañu leen
a) War a ñaawal. b) War a jox cër. c) War a daw.

## Dégginu jukki tënk ab jukki

Ma jàng jukki bi te tontu laaj yi ci sama kaye.

Laaj 1 : Lan moo dal Sëñ-Màgget ?

Laaj 2 : Lu tax waruñu ñaawal ñi wéradi ?

Laaj 3 : Naka lañu mën a taxawoo ku am feebaru xel ?

Su ma noppee, ma tënk jukki bi ci juroomi kàddu ci sama kaye.

## Defar jukki

Ma bind ci sama kaye jukkib juroom-ñetti kàddu yu jub te jëfandikoo tomb yi war.
Ci kàddu yooyu, ma digle ci ni nu war a taxawoo way-laago yi nu nekkal.



Njàng 24

# Xibaar yi

Dëkk bi bare na lool ay bérebi tas xibaar. Surnaal yi, tele yi, rajo yi ak daluwaayi web yi ñu ngay xëccoo. Ku ci nekk bëgg a jiitu ci bëti nit ñi. Looloo tax nun ñi leen di jëfandikoo it war na ci nun nu jàpp yii :

- saa yu nuy jàng surnaal, walla nuy déglu rajo, walla nuy seetaan tele, walla nuy xuus ci yenn daluwaayi xibaar yi, bu nu fàtte ne li leen ñor mooy xëcc nu ci ñoom. Ci joŋante bu metti lañu nekk ;
- bala noo sóobu ci dara, na nu wóor ne xibaar yi nu ñuy jox, wér na ;
- bu nu yem rekk ci benn **yéenekaay** ;
- nanu wóorlu xibaar yi ci surnaal yu bare, seetaan tele yu bare, déglu rajo yu bare, xuus ci daluwaay yu takku. Loolu mën na nu may nu jot ci xibaar yu wér ;
- bu nu **sàggane** seetaan yenn waxtaan yi ak xamle yu am solo yi ci tele yi ;
- nanuy jàngat li rajo yi ak tele yi tibbe ci askan wi ; moo xam muy ay laaj moo xam muy ay xew-xew.

Yéenekaay yi bare nañu te wuute ci dëkk bi. Mën nañu cee taataan ba jële ca xibaar ci fànn yu bare. Bokk nañu ci liy tàggat doomi réew mi.

## Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng baat yi ci kërale gi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| cofeel | fëll | sopp | wéradi | pólitig |
| dëkkandoo | demlante | toog | ñeme | kéew |
| ñaawal | dëkkin | lekk | aada | weg |
| noppalu | génn | bokk | wormaal | buur |
| aar | noppalu | jàppe | teggin | néew-ji-doole |
| madam | Gudd-Yeel | liggeey | yeete | jàmbur |
| opitaal | jàppe | tiyaatar | Sëñ-Màgget | dund |

2. Ma jàng ci kaw jukki bi ñaari yoon ci njàng mu jub te gaaw.

3. Su ma juumee, damay xaar ñu jubbanti ma, ma jàngaat ko.

## Tekkim baat tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

**yéenekaay :** mooy luy siiwal ay xibaar ;

**sàggane :** mooy saa su nit ki ñàkk a jàppe am mbir ni mu ware, su ko woyofalee, nàkkal ko solo.

## Jëfandikoo baat bi ci kàddu

Ma jàng kàddu yi, sotti leen ci sama kaye te mottali leen ak baat yi war.

- yéenekaay
- bañ
- sàggane

**Tàggat :**

1. Benn ci __________ yi ci dëkk bi moo xamle xibaar bi.
2. Muse wax na ne warunoo __________ ñi wéradi.
3. Buleen di __________ cet ci seen yaram ak ci li leen wër.
4. Fii mooy màkkaanu __________ bi.

## Lu yenu maana / lu yenuwul maana

Ma jàng kàddu yi te sotti yi yenu maana ci sama kaye.

1. Yéenekaay bi dugg na ci oto bi.
2. Waruloo sàggane say waajur.
3. Xar mi amul benn toppatoo, boroomam dafa ko sàggane.
4. Tey yéenekaay yu bare bind nañu ci ñàkkum ndox mi.

## Dégginu kàddu

Ma mottali kàddu gu nekk ak baat bi war, te sotti leen ci sama kaye.

1. Bokk na ci yiy tas xibaar yi ...
   a) surnaal. b) ekool c) néeg.
2. Rajo dañu koy ...
   a) seetaan. b) jàng. c) déglu.
3. Bérebu tas xibaar bu nekk dafa bëgg a
   a) des ginnaaw. b) daanu. c) jiitu.

## Dégginu jukki — tënk ab jukki

Ma jàng jukki bi te tontu laaj yi ci sama kaye.

Laaj 1 : Lan lañu war a jàngat ?

Laaj 2 : Fan lañu mën a ame ay xibaar ci fànn yu bare ?

Laaj 3 : Lan la rajo yi ak tele yi di tibbe ci askan wi ?

Su ma noppee, ma tënk jukki bi ci juroomi kàddu ci sama kaye.

## Defar jukki

Ma bind ci sama kaye jukkib juroom-ñetti kàddu yu jub te jëfandikoo tomb yi war.
Ci kàddu yooyu, ma digle ci ni ñu war a jëfandikoo tasukaayu xibaar yi.



Njàng 25

# Naka ngeen di aaroo ci enternet

Enternet wër na àdduna te ñépp a koy jëfandikoo. Mu ngi ci biro yi, ci bérebi liggeeyukaay yi, ci mbedd mi ak ci kër yi. Dina jàllale xibaar yu am njariñ waaye it mën a yàq lu bare. Looloo tax, ma di la dénk yii :

- teeyal ci li ngay gis, li ngay dégg ak li ngay jànge ci enternet ;
- mënal a seetlu ba ñu bañ laa **sànk** ci xibaar yuy yàq yi ñuy génne ak nataal yi rafetul ci gis ;
- bul dugg ci **ndëgg-sërëx** yi ñu lay lalal. Nit ñu xareñ ñoo ci nekk di ko doxal ;
- defal ndànk ci yi ngay dugal ci enternet bi, ñu bare mën nañu ci jot ;
- bul dugal ci enternet bi luy lor jàmbur ;
- moytul ma itam lépp looy wax walla looy bind di ko dugal ci enternet.

Enternet gaaw na lool ci tas xibaar ci waxtu wi ñu ko soxlaa. Doon na baax lool bu doon ne tasaare xibaar yu wér rekk a ko yékkati. Waaye li nu gis, mu tiital ñépp, mooy yu bon yi muy wone ak xibaar yu wérul yi muy jàllale. Looloo tax nu war a teey bu baax ci ni nuy jëfandikoo xarala yu yees yi.

## Njàng mu jub te gaaw

1. Ma jàng baat yi ci kërale gi.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| bëgg | ngay | jiitu | nun | taataan |
| laaj | xew-xew | fànn | réew | yéenekaay |
| tàggat | wóorlu | xuus | wuute | wér |
| daluwaay | tibbe | sàggane | seetaan | xamle |
| waxtaan | jàngat | joŋante | takku | jële |
| jëfandikoo | metti | xëcc | jële | jot |
| surnaal | ñor | taataan | ñaawal | toog |

2. Ma jàng ci kaw jukki bi ñaari yoon ci njàng mu jub te gaaw.

3. Su ma juumee, damay xaar ñu jubbanti ma, ma jàngaat ko.

## Tekkim baat tekki ay baat

Ma jàng baat yi ak li ñuy tekki :

**sànk :** mooy saa su am mbir walla nit di réeral kenneen, defloo ko lu baaxul ;

**ndëgg-sërëx :** mooy lu ñu teg, am pexe, ay fiir, ngir nax ci nit ba dugal ko ci musiba.

## Jëfandikoo baat bi ci kàddu

Ma jàng kàddu yi, sotti leen ci sama kaye te mottali leen ak baat yi war.

**Tàggat :**

1. Moytu ko. Soo ko toppee dina la ________.
2. Moytu ko bala mu laa tegal __________.
3. Saa su nekk, Bukki dafay dugg ci ________yi ko Lëg di lalal
4. Xale yi _____________nañu sama téere ba.

- ndëgg-sërëx
- tële
- sànk

## Lu yenu maana / lu yenuwul maana

Ma jàng kàddu yi te sotti yi yenu maana ci sama kaye.

1. Xaalis bi mu sánk mu ngi ci poosam.
2. Moo ma tegal ndëgg-sërëx gi ndax bëgg ma rekk.
3. Ndëgg-sërëx du lu yomb a moytu.
4. Dama ko laaj xaalis bi, muy nakk-nakkal, ma xam ne sànk na ko.

## Dégginu kàddu

Ci laaj bu nekk, ma tànn tontu li jub, bind ko ci sama kaye.

1. àdduna - ci - enternet - fépp - a ngi
2. xibaar - yu - bare - xeetu - ci - enternet - a - nekk
3. xibaar - lay - moytul - yi - réeral
4. dugal - ci - teeyal - ci - enternet - li - ngay

## Dégginu jukki **tënk ab jukki**

Ma jàng jukki bi te tontu laaj yi ci sama kaye.

Laaj 1 : Naka la nit ñiy doxal enternet mel ?

Laaj 2 : Lu tax nit war a aar boppam ci enternet ?

Laaj 3 : Lan mooy wone ci jukki bi ne enternet tiital na nit ñi ?

Laaj 4 : Lan nga mën a jànge ci ndenkaane yi jëm ci ni ñuy aaroo ci enternet ?

Su ma noppee, ma tënk jukki bi ci juroom-benni kàddu, ci sama kaye.

## Defar jukki

Ma bind ci sama kaye jukkib juroom-ñetti kàddu yu jub te jëfandikoo tomb yi war.
Ci kàddu yooyu, ma digle ci ni nit war a def ba aaru ci enternet.

Ce Livret de maison a été conçu et imprimé grâce à l'appui généreux du peuple américain
à travers l'Agence des Etats-Unis pour le Développement International (USAID).

USAID
DU PEUPLE AMERICAIN